




U.S. Immigration  
and Customs  
Enforcement

Li ñu tërël ak li ñu dindi ci wàllu kontorol yi

# TÉEREB RÉEW MI CI KUÑU JÀPP

Nii ñuy saytoo nit yi ñu tëj

2024





A

Amharic አኔ አማራጅ ነው ምናራው.
Arabic أنا أتحدث اللغة العربية
Armenian Ես խոսում եմ հայերեն

B

Bengali আমি বাংলা কথা বলতে পারি
Bosnian Ja govorim bosanski
Bulgarian Аз говоря български
Burmese ကျွန်တော်/ကျွန်မ မြန်မာ လို ပြောတတ် ဝါတယ်

C

Cambodian ខ្ញុំនិយាយភាសាខ្មែរ

Cantonese 我講廣東話 (Traditional)
我讲广东话 (Simplified)

Catalan Parlo català
Croatian Govorim hrvatski
Czech Mluvím česky

D

Danish Jeg taler dansk
Dari من دری حرف می زنم
Dutch Ik spreek het Nederlands

E

Estonian Ma räägin eesti keelt

F


Finnish Puhun suomea
French Je parle français

G

German Ich spreche Deutsch
Greek Μιλώ τα ελληνικά
Gujarati ૩ ગુજરાતી બોલુ છું

H

Haitian Creole M pale kreyòl ayisyen
Hebrew אני מדבר עברית
Hindi मैं हिंदी बोलता हूँ ।
Hmong Kuv has lug Moob
Hungarian Beszélék magyarul



I

Icelandic Ég tala íslensku
Ilocano Agsaonak ti Ilokano
Indonesian saya bisa berbahasa Indonesia
Italian Parlo italiano

J

Japanese 私は日本語を話す

K

Kackchiquel Quin chagüic ká chábal'ruin'ri
Korean 한국어 합니다
Kurdish man Kurdii zaanim
Kurmanci man Kurmaanji zaanim

L

Laotian ຂອບຢາກພາສາລາວ
Latvian Es runāju latviski
Lithuanian Aš kalbu lietuviškai

M

Mam Bân chiyola tuj kiyol mam
Mandarin 我講國語 (Traditional)
我讲国语/普通话 (Simplified)
Mon မွန်ဘာသာစကား

N

Norwegian Jeg snakker norsk

P

Persian من فارسی صحبت می کنم.
Polish Mówię po polsku
Portuguese Eu falo português do Brasil (for Brazil)
Eu falo português de Portugal (for Portugal)
Punjabi ਮੈਂ ਪੰਜਾਬੀ ਬੋਲਦਾ/ਬੋਲਦੀ ਹਾਂ।

Q

Qanjolal Ayin ti chí wal q' anjob' al
Quiche In kinch'aw k'u'in ch'e quiche

R

Romanian Vorbesc românește
Russian Я говорю по-русски

S

Serbian Ја говорим српски
Sign Language



Slovak Hovorím po slovensky

Slovenian Govorim slovensko

Somali Waxaan ku hadlaa af-Soomaali

Spanish Yo hablo español

Swahili Ninaongea Kiswahili

Swedish Jag talar svenska

T

Tagalog Marunong akong mag-Tagalog

Tamil நான் தமிழ் பேசுவேன்

Thai พุดภาษาไทย

Turkish Türkçe konuşurum

U

Ukrainian Я розмовляю українською мовою

Urdu میں اردو بولتا ہوں

V

Vietnamese Tôi nói tiếng Việt

W

Welsh Dwi'n siarad

X

Xhosa Ndithetha isiXhosa

Y

Yiddish איך רעד יידיש

Yoruba Mo nso Yooba

Z

Zulu Ngiyakhuluma isiZulu

Executive Order 13166 requires DHS to take reasonable steps to provide meaningful access to its programs and activities for persons with limited English proficiency and - as also required by Title VI of the Civil Rights Act of 1964 - to ensure that recipients of federal financial assistance do the same.

I Speak is provided by the Department of Homeland Security Office for Civil Rights and Civil Liberties (CRCL). Other resources at www.lep.gov

Contact the DHS Office for Civil Rights and Civil Liberties' CRCL Institute at CRCLTraining@dhs.gov for digital copies of this poster or a "I Speak" booklet.

Download copies of the DHS LEP plan and guidance to recipients of financial assistance at www.dhs.gov/crcl





## *¿Habla?*

- ¿Habla K'iche? (Guatemala)**
- ¿Habla Mam? (Guatemala)**
- ¿Habla Awateko? (Guatemala)**
- ¿Habla Q'eqchi? (Guatemala)**
- ¿Habla Kakchikel? (Guatemala)**
- ¿Habla PocoMam? (Guatemala)**
- ¿Habla Q'anjob'al? (Guatemala)**
- ¿Habla Achi? (Guatemala)**
- ¿Habla Ixil? (Guatemala)**
- ¿Habla Pocomchi? (Guatemala)**
- ¿Habla Jakalteko (Popti)? (Guatemala)**
- ¿Habla Chuj? (Guatemala)**
- ¿Habla Akateko (Acateko)? (Guatemala)**
- ¿Habla Garifuna?**  
**(Honduras, Guatemala, Other)**
- ¿Habla Cora? (Mexico)**
- ¿Habla Zapotec? (Mexico)**
- ¿Habla Chatino? (Mexico)**
- ¿Habla Tepehuan? (Mexico)**
- ¿Habla Quechua? (Peru, Ecuador, Others)**

*This poster assists DHS personnel in identifying the primary language of an individual from Central or South America who is not proficient in English or Spanish. This poster is intended to be used with or in addition to Component protocols for identifying indigenous language speakers.*



**Homeland  
Security**

*I Speak* materials are provided by the U.S. Department of Homeland Security, Office for Civil Rights and Civil Liberties. [www.dhs.gov/crci](http://www.dhs.gov/crci)



## Li téere bi ëmb

LALTAAYGI.....	7	BARAB BU SET.....	23
JOTCILAKK.....	7	<b>SART AK DOXALIIN.....</b>	<b>23</b>
SA ÑĒW CI KASO BI.....	7	LIMU NIT.....	23
<b>SA WARÉEF AK SAY ÀKK.....</b>	<b>7</b>	YOONALUG ALAL YI.....	23
SAY WAREEF.....	7	GĚSTU AK XAYMA.....	24
SAY ÀKK.....	7	YAR AK SAY ÀQ.....	25
SAY KĚYITU TUKKI.....	9	JĚFĚNDIKOODOLEAKJAFE-JAFE.....	26
<b>WAX AK SAY MBOKK, XARIT AK ÑI FI TEEWAL YOON.....</b>	<b>10</b>	DEF ÑAAWTEEF.....	26
WOOTETELEFON.....	10	<b>WALLUM WÉR GU YARAM AK KAARÀNGE.....</b>	<b>26</b>
Y MACIN TABLET.....	10	PEXEY MUCCU.....	26
AY NEMMIKU.....	10	<b>GINDI AK XIBAAR CI WÀLLU WER GU YARAM.....</b>	<b>28</b>
AY leetar.....	10	TAXAW SEETLU CI LIGGÉY YI.....	28
<b>AY LAAJ YU JEMM CI WALLU SAMM XALE YI.....</b>	<b>15</b>	YENEEN LIGGÉY.....	29
<b>AY CĚSLAAY CI WÀLLU YOON.....</b>	<b>15</b>	DIG-DAJECIWÀLLUWÉRGUYARAM.....	29
TEEWALÀKKIYOONCIMBOOLOOMI.....	15	ÑAAREELU GIS-GIS.....	29
NUMEROB KURÉEL GIY SAYTU DAW-LÀQU YI ( UNCHR ).....	16	AY GARAB.....	29
KÀGGUGYOON.....	16	XEL MU DAL AL TOLLUWAAYU XAAR.....	30
<b>LUTABEAKDĚKKUWAAY.....</b>	<b>17</b>	KĚYITU FAJ.....	30
TOLLUWAAYU LUTABE.....	17	SÀKKU LAAJ CI LU JĚM CI SA WALLU WÉR GU YARAM.....	30
DĚKKUWAAYU ÑIY DOXAL.....	17	<b>YEETE CI WALLU SIIF AK XOQATAL.....</b>	<b>31</b>
<b>LEKK YI, ACTIWITE AK NDIMBAL.....</b>	<b>18</b>	KAARÀNGEG BARAB YI ÑUY DEŇC.....	31
LEKKYI.....	18	XAMLE.....	31
BUTIK WALLA NJAAYUM MASIN.....	19	JĚF YU ÑAAW.....	32
AY FO.....	19	WATANDIKU ĚPPAL AK SIIF CI WALLU SEY.....	32
DIINE.....	19	BOOLE ÑIY ĚPPAL AK DI SIIFAATE.....	33
TĚRĚLIINU LIGGÉYU COOBAREWU.....	20	FAJ, LAABIR AK TAXAWU ÑI LORU.....	34
KÀGGU.....	20	XAM DOXALIINU YOON.....	35
DIFEKKEÀTTEYI(YUNEKKULWALLUMTUKKI).....	21	<b>JĚFLANTEEG NIT ÑI.....</b>	<b>36</b>
WÀLLUM TÀKK JABAR.....	21	BOOLE JĚFLANTEEG NIT.....	36
<b>YÉERE AK TUWAALETU.....</b>	<b>21</b>	<b>LAAJ , ÑAAN AK JIIN.....</b>	<b>36</b>
WÀLLUB TĚNI YI.....	21	LAAJ , ÑAAN AK BOOLE BU JAARUL YOON.....	36
SAY MBIRI BOPPU.....	22	NAN LANUY DÉEPÓOSEE NJORT WALLA BOOLE.....	37
LU JĚM CI TUWAALETU.....	22	<b>BIND CI TÉERE.....</b>	<b>38</b>
LU JĚM CI FOOT.....	23	<b>YOMBAL DEFAR YI.....</b>	<b>39</b>
		<b>TAF YI AK GIS-GIS.....</b>	<b>39</b>

## 📞 #BHC8I 7HCB'

8UbUk i "U'XU'U'VWUFUV'Vcc'i Ua 'bY'  
< UUF]\_i f,, Y'm]i' 'ta 'Wk { 'i 'h \_] < cc'  
\_Um]gUnhi . : 79'U\_ '9FC"

## 8å; ; 5K @???



6i XYY'X,, [ [ ' c' k U'U' b' { bXCE' } \_] i { b [ U'YZ  
k U'U' gU' 'a Ubcc' ] ] f' U\_ V ] bXZ' XUbUk i "U'  
ki HU'UV' Zf]\_Uřza cc' i Ua 'XUb [ Um]Zm]Ua '  
X,, Yřzb [ ] f' i ' 'ta 'Wk { 'i [ 'ZU'U\_ 'h \_] '  
fi 79' 9' HU'Uk i [ cc [ i ' bU [ 'XUbU'Ua ' 'Ybb'  
[ i 'X,, [ [ 'gUk { ' \_ k U'U'UV' Zf]\_Uřvi ' i YfY< "'  
6,, dd' a V ] bX' a i < "U' 'cl' k Uf' bUk i "U\_ 'cc'  
Zf] ' k U'U' < i "YYfU'U'U' 'c' W'gU' { " '6cc'  
gcl 'UU'XUFU'k U'U' b [ U'Ua ' 'cc' Vt [ [ U'Ua ž  
'UU'U' < ] "Um]gUnhi ' k U'U' < ] m] [ [ fYm]W' ] f,, Y'  
[ ] m]gUnhi ' k U'U' a 'h \_] X' fi 79' 9' "

## G5wäk 7=?5GC'6=

6UfUV'nh 'VUf] < cc' Vc\_ 'b] : i mXcl U'YY'Vi 'ZU\_j '  
VYYg' < tk YY' "Lcc'U' HU'c%W]i thk ] W'hcddi 'b [ ] f'  
a UbU'Ua 'bi < i mXcl U'YY' "

### Da ngay des ca barab ba :

- 5a i [ 'XU'k U'U' < i 'V { m] } 'Už
- wi ' 'ta 'bXc [ U'g ] gUm\_ t m]i 'h \_] ž
- wi [ fbbYY' 'U'fYk 'a ] k U'U'ž
- wi 'n]E'Vi "U'ZYbYYb"

### Bokk na ci say waréef nga jàng téere bi ngir xam:

- GU'nik UfYfYZU\_ 'gUm ( e' b ]\_ ]\_ ]\_ i < i 'Uddž
- 8cl U ] ] b 'U\_ 'hf'f' ] ] b' n]i 'U'k Ufž
- G { fhin] b [ U'k UfU'hcddž
- M'cb' n]i b [ Um]UUF' b [ ] f' n]i 'YfU' 'X' [ UUF' U\_
- BU\_ U' b [ Um] m] [ 'YY' Um]NYZ' ! NYZ' U\_ 'BU\_ U' b [ Um  
Vcc' 'YY' W'ncob"

HfYfY'V ] ] bX ] k i "i Xi "UV'ht' b 'W]i ] VUUF'nh 'Ua '  
gc' c' k UU'ny' ] bX ] k i "gUm ( e' U\_ 'ny' "YYZ'nfdd' n]i  
U' ' W'gU'XYg' W'VUFUV'V' "

8U' b [ U' 'ch] ] Ua ' WYbYYb' hfYfY' W'VUFUV'V ] b [ U' bY\_ 'Vi m'  
'YYfY' 'g { fhin] ] ZU' bY\_ " 8UbU'Ua ' gc' c' b [ U'Ua ' hY' hcdd'  
g { fhin] ] U' ' W'k UUF' hfYfY' n'c'cn' " HfYfY' n'c'cn' 'XUbU'  
' { ddUbX ] W' { [ [ i [ 'n'cb [ U'ZU' bY\_ 'U\_ ' W'Xt' \_] i k UUm'  
n]ž' k U'U' b [ U' 'UU' ^\_ c < ] m]gUnhi ' VUFUV'V' "

6cc' gcl 'UU' bX ] a VU' 'b [ ] f' i Ua ' ] ] bY\_ ' W' hfYfY' V ] ž ' UU'U' '  
< ] m] [ [ fYm] W' VUFUV'V ] k U'U' < ] m] [ [ fYm] W' 79' "

6i XYY' a Ubcc' ] ] f' za Ubcc' V ] bXza Ubcc' k U'U' ' k U'U' '  
a Ubcc' i Ua ' ' { \_] i { b [ U'YZ'Ua ' b [ U'gUk ! gUk i ' 'chUm'  
i ] VUUF'nh 'Ua ' gc' c' W' { \_ m] b [ U'X,, [ [ ' k U'U' b [ U' 'UU' < i '  
'YYfU'U'U' 'c' W' { \_ k ] b [ U' b { a d' " @UU'U' ' Vcc' gcl 'UU'  
bX ] a VU' "

## G5MK 5Fv9. '5? G5MŒE

Doonte doxaliinu ICE mooy jox cër ak gëdd mbooleem ku ñu jàpp waaye itam fexe ba barab bi wóor, am kaaràngé te set, yeen itam am ngeen ay waréef aki àq.

## SEENI WARÉEF

Li èpp solo ci say waréef mooy ngay jàng ak di toppu mbooleem sàrt, digle ak tērēliin yi am ci barab bi. Boo sàmmul sàrti barab bi, man nañu laa teg ay daan.

War nga itam jox cër ñi lay saytu, sa moroom yi ak di sàmm bagaas yi te feexee set te setal fi nga nekk.

### Dana war itam ngay:

- 8f [ [ cc' U\_ < ] "Um]g ( a a ž
- 8] VUk U'g [ "U' i < ] "Um]gUnhi ž XYY'YYb' k cck YY' :  
Gt < V ] ž gcl bU'g ] ž Xc' W'cfzU\_ 'UUh' U\_ 'gYYb ] gUbbž
- 5a 'n]b'f' W'gU' a cfcca 'n]i U\_
- G { a a 'k U' h i mž' chn]i U\_ 'gUb [ i "

## G5MŒE

### Man ngaa baña soppi sa wàllug wér, set ak wér gu yaram

>Ua cbc' W' b [ U' bY\_ ' W' VUFUV'V ] ž Ua ' b [ U'gUk ! gUk ' W'X ] 'Y\_ '  
'i ' VUUI ž W'X ] gc' ' m] fYfY' n]i ' gYhU\_ 'X ] ZUFU' 'X ] gUb [ i ' U\_ 'U' Z'ch  
fiU\_ 'X ] 'ch' a h \_] UUm]i' a Ubi ' < { \_ ' 5a ' b [ U' ] Ua '  
gUk ! gUk ' W'X ] Xi bXi ' W' VUFUV'Vi ' ZfYi ' hY' Ua [ ' Y'Uk ' U\_ ] Ua '  
Ua ' h [ b [ U' i ' UUm]Vi ' VUUI ' U\_ ' a UbU'ZU' ' U\_ ] i "Um]U'Uk i ' W'  
k { 'i ' i Y' 'Vcc' \_c' gcl 'UU' "

## TABLO1: NI ÑIY DOXALE AK KI ÑU JAPP

TOLLUWAAY	NIT KI	DOXALIIN
1	Ki lay saytu:	Dana jël say yere, sa xalis ak sa alal deñc ko fu wóor. Dana la seet itam ngir nga mana dundu yaw ak say moroom ci barab bu wóor te jaar yoon.
2	Ki ñu jàpp:	Na nga deñc bu baax këyit wi ñu bind sa alal. Danañ la ko jox buñu la bàyyee.
3	Ki lay saytu:	Dana bind mbooleem say këyit ( lu mel ni passport, këyitu juddu) jox ko kenn ku bokk ci ICE mu def ko ci say këyitu tukki yi tuddu A- file.
4	Ki ñu jàpp:	Danañ la joxaat say këyitu boppu buñu lijantee say mbir. <sup>a</sup>
5	Ki ñu jàpp:	Da nga jot benn numéero A buñu lay xàmmee ci jamono bi ngay nekk ci barab bi. War ngaa jox numéero boobu sa njaboot ak ki lay layal ngir ñu man lay jot buñu la soxlaa ci seen masin intereneti.
6	Ki lay saytu:	Dana la wan yi nga mana jëfëndikoo ak yi nga manula jëfëndikoo ci barab bi. Dogal yi ki lay saytu di jël day tege ci kaarànge ak lu wóor.
7	Ki ñu jàpp:	Ci doxaliinu barab bi, man ngaa deñc yenn jumtukaayu diine lu mel ni kaala walla takkaayu diine, jaaro yu ndaw, ay nataal, ay téerey diine ak sa téerey boppu, ay dokumaa yu jëm ci wallu yoon ( bokk na ci keyitu moomeel ) ak yeneeni jumtukaay ( yoo xam ne leeral nañ ko ci téereb barab bi ).
8	Ki lay saytu:	Dana la indil bagaasi lal lu mel ni darab djegenaay ak mbalaan.
9	Ki ñu jàpp:	xoolal bu baax doxaliin ak yoonalug barab bi ci wàllu soppi say bagaasi lal benn yoon ci ay bes bu ne.
10	Ki lay saytu:	Dana la jox ay bagaas yu jëm ci sa wàllug set yu mel ne saabu, soccu, peñe, boo soxlaa yu ni mel man ngaa laaj ki kay saytu.
10	Ki ñu jàpp:	Man ngaa sangu te jëfëndikoo yéere yu set yu mingòo ak tangooru barab bi.
11	Ki lay saytu:	Mooy dogal sa tolluwaay bu noppee yobbu la fa nga mengo yaak ñeneen ñoo bokkal tolluwaay. <sup>b</sup>
12	Toppatoog wér gu yaram:	Dana laaj lu jëm ci sa wér gu yaramu jëmm ak xel ak lu jëm ci say garab.
13	Ki ñu jàpp:	xamalal ki lay faj lépp lula dal. Walla ngay ku lafañ soxla dimbal walla nga soxla taxawu gu jamp walla bèpp garab booy jël walla nga soxla ko.
14	Toppatoog wér gu yaram:	Doctor bu xereñ ci wàllu faj dina la defal nattu bu mat ci fukk ak ñeent fan yi nga fay njékka am booy sooga yegsi. <sup>c</sup>

a. Budee kopi dokumaa yii manuta ñàkk ngir sag diglu, da ngaa wara laaj ci lu jiitu ndawal ICE.

b. Ngir mana am xibaar yu doy ci mbir moomu, xoolal téereb barab bi ak tolluwaayu sèddale gi.

c. Xibaari faj mi dees koy sàmm ba noppi denc ko fu nèbbu, boo soxlaa kopi dokumaa yi , da nga koy laaj kuy liggéey ci faj mi, ndawal ICE walla ñiy saytu barab bi ci laajin wu rafet.



## Bu dee da ngaa nekk nit ku lafañ, am nga sañ-sañ laaj ñu yóbbu la fu mengóo ak yaw.

Boo nekke nit ku lafañ, niki nit koo xam ne manuta yengu, wax, noyyi, gis, dégg walla mana toppatoo sa boppu, am nga sañ-sañu laaj dëkkuwaay bu mengòog yaw boo xam ne dana la dimbali ngay man di jot aka boka ci porogaraam yi nekk ci barab bi yaag say moroom. Am nga itam sañ-sañu am ay jàppandal yu lay dimbali ba nga man di waxtaan, di gis ak di dëgg. War na ci barab bi ñuy waxtaan ak yaw ci nimu jàppadee, di la laaj ban xeetu dëkkin moo la gënal, war na itam muy bàyyi xel ci yi ngay tànn. War na ci barab bi mu lay xamal yan yoon nga wara jaar ba soppo sa dëkkuwaay ak yoon yi lay dimbali ci wallu boole barab bi laa wara jàppandalal yooyu yépp.

Boo bëggee gaaral ab njort walla boole lu jëm ci nit ñi lafañ ci barab bi, man ngaa xool yi ñu leeral ci xëtu fanweer ak juruum ñaar (37) ci téere bi.

### Am nga itam sañ-sañu:

- Ay jàppandal yu xelu te yamale ci lulay xañ nga mana jëfe sa diine ( maanaam ñu bañal la ko walla ñu wàññi ko ) ludul ñu ciy ragal lu jëm ci kaaràngé ak wóor ak doxiin wi gën ci tērēliinu barab bi. Buñ la naree xañ nga jëfee sa diine walla ñu wàññi ko, boobaa am nga sañ-sañu laaj yeneen yoon yoo ko mana jëfee te du yàq dara ci lu jëm ci kaaràngé gi ak wóoraay gi.
- Boole ci lu jëm ci wàllum nekkiin ca ñay saytu barab ba walla jëwriñ ji yor wàllum kaaràngé gi ( DHS )
- Fèexal ci bèpp xeebaate ak lu ko mana waral, moo xam sa xeet la , walla sa diine, fi nga dëkk, sa awra, sa mbiri sèy, sa jubluwaay ci sèy , sa gállankooru yaram sa feebaru xel walla say gëm-gëm ci politig.
- Féex ci bèpp sàggante walla èppal
- Yëgleel ca ñay saytu barab ba walla waa DHS bèpp siif, ba ci doxaliinu èppal walla siif ci wàllu séy.
- Jot ci kàggug ak taxawu ci wàllu yoon. Yëral téereb barab bi ngir mana am ay xibaar ci porogaraam yu jëm ci wàllug taxawu yoon ak seeni melal, yoon ak waxtu liggéey.
- Jot ci kàggug ak taxawu ci wàllu yoon. Yëral téereb barab bi ngir mana am ay xibaar ci porogaraam yu jëm ci wàllug taxawu yoon ak seeni melal, yoon ak waxtuy liggéey.

## SAY KÉYITU TUKKI

Am nga sañ-sañu am ab layookat walla tànn ku lay teewal ci loo dull fay. Bokk na ci say wareef nga jàppandalug layookat bi. Moom layookat bi war naa xaatim aw këyit G-28 ngir yégal barab bi, ICE ak DHS ndax moolay teewal.

Ci sa tolluwaay, am nga sañ-sañ àttekat tukki bi déglu la. Yaw walla sa layookat walla ki lay teewal am ngeen wareefu teewal say mbir ca àttekat bi.

Bu ko yoon mayee, nguurug amerig man naa dogal ci say mbir ci jaar ci yeneen yoon yoo xam ne du jar ñuy jëflanteeg àttekat bi. Man nañ laa bayyi itam boo fayee ba kerog ñu lay déglu. Budee loolu la danga wara fay.

### Am nga sañ-sañu laaj ñu muñal la ngir sabab yu lale ci yoon boo jàppee ne man ngaa jàll.

Dana bokk cii yii ñu neenal sag dellu, xoolaat sa taxawaay, fat, bañ laa delloo walla ay sàrti defaraat ñu wèer ko ci dëppoog baña toraxal ak jëfiin yu ñaaw yu nitewul walla muy yàq.

Ci misaal, bula neexee nga ñaan toog États-Unis budee dañ laa masa fitnaal (walla nga ragal ko) ca réew ma nga bàyyekoo walla ci réew ma nga mujjee dundu ngir saw xeet, sa diine, li nga doon walla say xalaat ci wàllu politig walla ci sag bokku ci ab kurèel.

### Am nga sañ-sañu génn États-Unis baala ñu lay déglu, buko yoon nàngoo.

Loolu lañuy woowee dello sa bopp ci sa réew. Buñ la nangulee li nga bëgg, man ngaa ñàkk sañ-sañu ñu lay déglu. Boo soxla génne sa bopp ci réew mi, na nga ko yégal kenn ci saytukat yi bokk ci ICE walla àttekat bi.

Boo amee ay laaj ci lu jëm ci wàllu genn ci réew mi, waxtaan ci ak ki lay saytu te bokk ci ICE. Man ngaa itam woo kenn ci layookat yi walla way-teewal yi nekk ci listu ñiy layal ñiñ jàpp te duñu fay dara te waa ICE di la ko jox. Batay it kàggug gi nekk ci barab bi te jëm ci wàllu yoon man naa am ay xibaar yuy leeral loolu.

Boo jàppee ne am nga sañ-sañu am woyofal ci sa wàllug tukki, da nga cee wara jëema waxtaan akub layookat walla aji-teewal ci yoon. Man ngaa am itam jafe-jafey waxtu ngir mana am woyafal googu, kon jeemala mottali te joxe laaj yooyu numu gëna gaawe. Budul loolu dinga am ay jafe-jafe ba dunu topatoo say dosiyee. numu waree. Kon bokk na ci say waréey nga waajal te joxe say keyit yi jëm ci wàllug woyafal gi.

## WAX AK SA NJABOOT, XARIT AK ÑI FI TEEWAL YOON

Wet gii day leeral ci téere bi naka ngay man di jukkoo ak ñeneen ñu nekkul ci barab bi, bokk na ci woote yi ak ñi lay seet si ak leetar yi.

**LU AM SOLO!** Jamono ji ñu la tëeye, say mbokk, ñi lay teewal ci yoon, ak ñeneen man nañoo bëgg xam foo nekk. Man nañu laa gis jaare ko ci sen macin funni samm tur yi ñiñu jàpp ci siiti bi [www.ice.gov/locator](http://www.ice.gov/locator). Li gëna gaaw di seet ay nit ci sen macin funni samm tur yi ñiñu jàpp mooy nga jëfëndikoo numéero A ki ñu japp ak réew ma mu dëkk.

## WOOTE TELEFON

Boo yegsee ci barab bi, da nga mana woote telefon. Boo fa yàggee tuuti da nga man di toog fi nga dëkk di woote. Manees naa saytu woote yépp bamu des yi ngay wax ak sa layookat walla ñiy teewale ci yoon walla èttu àttekaay ba. Xamal ne man ngaa ñàkk sañ-sañu woote budee sàmmoo sàrt yi tënk barab bi, walla nga èppal ci jomtukaayu woote gi, walla ngay woote ci mbir yu jaarul yoon.

Bokk na ci say waréef nga xam sàrt yi tënk barab bi ci wàllu nuñuy jëfëndikoo telefon. Am nga sañ-sañu laaj ngir mana jëfëndikoo telefonu ICE. Budee dañ laa bañal sag jëfëndikoo telefon, yégalal kenn ci ñiy saytu te bokku ci ICE ne da ngaa bëgga bind leetar ngir mana jëfëndikoo telefon. Xoolal tablo2 ci xët 11 ngir gëna am ay xibaar ci wàllum telefon ci barab bi.



Ngir mana jot bèpp numéero ci États-Unis ci ndimbalu macinu TeleTY(TTY):

- Ci ndimbalu masinu TTY bu barab bi, njékka la woote ci 711. Loolu moo lay jukkale ak waa (TRS).
- Boo jokkee ak waa (TRS) man ngaa woote ci numéero bi nga bëgga woote.
- Waa TRS danañ la jukkale ak numéero boobu.
- Boo amee ay jafe-jafe walla ay laaj ci nuñuy jëfëndikoo jomtukaayu ATS, sàkkul ndimbal ci ñi yor barab bi.

## AY TABLET

Barab bi amna ay tablet yulay dimbali ngay mana waxtaan ak say xarit, sa njaboot ak ayi layookat. Amna yu nekk ci tablet yi yoo xam ne doo fay dara ak ay xibaar yu am njariñ niki téere bii, ak xamle ci barab bi ak ay xam-xam ci wàllu diine ak ci wàllu yoon. Amna yeneen yu ci nekk yoo xam ne da ngay fay mba nga abaale lu mel ni ay film ak ay way. Yenn tërëliin yi dinala may ngay jukkoo ak waa ICE ak ñi yor wàllum faj mi. Xoolal téereb barab bi walla nga laaj ñi yor wàllum saytu gi.

**JËFËNDIKOO TABLET YI AG JÀPPANDAL LA WAAYE DU ÀQ** te sèenug jàppandi man naa wàñeeku budee liñu koy jëfëndikoo daa bari. Manees nay saytu jëfëndikoo tablet yi te amul dara luñ ciy nèbbu. Bèpp jëfëndikoo bu èpp ci tablet bi walla lépp loo def lu jaarul yoon man naa waral sag ñakka jëfëndikoo tablet bi.

## AY NEMMIKU

Man ngaa am ñu lay seetsi. Ñi lay seetsi dañoo wara sàmmonteeg tërëliin ak doxaliinu barab bi. Bokk na ci say waréef nga xamal ñi lay seetsi sàrti barab bi. Da nga fekk lépp luy doxaliinu barab bi ci téere bi.

Kèpp ku wisite war nga di sol yéere yu mengõo ak barab bi te yiw. Bu jafe-jafe naree am sa diggante ak ñi lay seetsi boobaa ñoom dañoo wara dem te man nañoo dax ñi lay seetsi. Ñi lay seetsi ak lépp luñu indaale ci barab bi manees na koo saytu. Man nañoo wax ñi lay seetsi ñu bayyi seeni bagaas ci seen biir oto.

Ñi lay seetsi man nañu laa indil ay bagaas waaye bu boobaa fàwwu kiy saytu barab bi xool ko. Waxal ñi lay seetsi ñu baña indaale ay bagaas yu bari.

Lépp loo jënd ci ki la seetsi man nañu koo nangu budee ki lay saytu àndu ci. Man nañu laa teg ay daan ci yoon ngir li nga indi ay bagaas yu jaarul yoon. Boo bëggee yeneen xibaar ci wàllu seetsi gi, xoolal tablo 3.

## Leetar

Man ngaa yónnee aka jot ay leetar ludul mu am ay gállankoor ci wàllu kaaràngeg barab bi. Del jang sàrt yi jëm ci wàllu leetar ci téere bii ak bi nekk ci barab bi. Bokk na ci say waréef nga xam te sàmm sàrt yi jëm ci wàllu leetar, te leeral ko kèpp ku lay faral di yonne ay leetar. Budee nak sàmmoo sàrt yi jëm ci wàllu leetar, manees naa dakkal say jàppandal ci wàllu googu. Boo bëggee yeneen leeral ci wàllu leetar yi, xoolal tablo 4.

## TABLO 2. XIBAAR YI JÈM CI WÀLLUM WOOTE TELEFON

Woote telefon: <sup>a</sup>	Nangu nañ ko	Amul fay	Ay seetu
askan wi ( xarit, njaboot, barabu liggéey )	waaw	mi ngi aju ci	xoolal sàrti barab bi
wut layookat kuy teewal yoon ( bokk na ci layookat ) <sup>b</sup>	waaw	waaw	man nañoo appal say woote ci 20 minit ngir yamale woote bi ci ñépp.
jàngut wàllum tukki. layookat walla kuy teewal yoon ( bokk na ci layookat yu jàngut wàllum <sup>c</sup>	waaw	mi ngi aju ci	man nañoo appal say woote ci 20 minit ngir yamale woote bi ci ñépp.
Tolluwaay bu jàmp ( misaal ku faatu walla ku feebar ci njaboot gi ) <sup>d</sup>	waaw	waaw	ngir mana amal woote gu jàmp, laajal ndimbal ci ñiy liggéey ci wàllu dëkkuwaay, kuy sàmm wàlla kuy liggéey ci ICE.
Ndawal nguur gi ci wàllu sàmm xale	waaw	mi ngi aju ci	laajal ñiy liggéey ci barab bi, walla ki lay saytu walla nga woote ci (DRIL) boo soxlaa ndimbal ngir mana jot ki lay taxawu walla sa layookat bi wàllum sàmm àqi gone yi.
Ñi teewal sa réew ci États-Unis.	waaw	waaw	ñi teewal sa réew man nañulaa dimbali nga am layookat, walla nga jot sa njaboot walla ñu seetsi la fi nga nekk.
Saalub saytukat bu mag bi ( DHS)	waaw	waaw	1-800-323-8603- walla 1-844-889-4357 ci ATS
lu jëm ci tèe ICE ak buumu xibaar ( DRIL)	waaw	waaw	1-888-351-4024 walla 9116# walla 711 ci ATS
Kurél gi saytu nàttug njalbéen ci ICE OPR	waaw	waaw	1-833-4ICEOPR (1-833-442-3677) or 711 ci masin TTY
barabu àttekaay yi	waaw	waaw	
barabu àttekaay ci tukki ak laabiire ci tukki	waaw	waaw	
layookat walla way- ndimbal ci yoon ci lu amul fay	waaw	waaw	Ni ko ñi yor wàllum saytum tukki mi nangoo <sup>b</sup>
Kureel giy saytu ñiy daw-làqu	waaw	waaw	
kurèelu nguur gi	waaw	waaw	Ay woote ngir am ay këyit ci sa wàllu tukki

- Su fekke am ngajafe jafe woote, maaciin nekuul duu dokh numu waare, mbaa munoo woote ci ñi joota liim te doo faay dara, del laaj oficier ki samm dëkkukay ICE ngir dimbali.
- Ngir manaa am ayi abokat mbaa ñifi teewal yoon akk ayi mbootaay ci sa dëkkukay te deñi faraal di jokhe ndimbal ci lu amul fay, del xool keyti bi ci sa wallu dëkkukay wallum ndimbal yoon ci lu amul fay. Jëfandikukat bu ICE mën na la jële ci lim boobu, bu ñu soppo ñeenti yoon at mu nekk.
- Danga war bind sa numéro telefon sa abokat walla numéro ki laaye teewal yoon ci kayti telefon bi ñuy nangu ngir wóor ne dañu dul toptali say wax.
- Ayi woote yi nga Jëfedinko jammeleko ci sa abokat walla ñi laaye teewal yoon duñu mel ni ay woote yi ñu soxla.

**TABLO 3. XIBAAR YU JĔM CI ÑIY NEMMEKU<sup>a</sup>**

NJABOOT AK XARIT		
BISU SETSI YI	WAXTU BIÑU NANGU	AY SEETLU
gàwwu, dibèer ak bisu noppalu yi	30i simili walla ñu yokk ko ngir ñi bàyyikoo fu sori	Xale yi amul 18i at man nañoo wisit bòn àndee ak mag mu leen di bàyye xel. Xoolal téereb barab bi ngir xam ndax may nanu loolu ci xale yiy wisite.
DAJE AK LAYOOKAT YI WALLA ÑIY LIGGEÉYAL YOON		
Altine ba àjjuma	8i waxtu par bis ( lum nèew-nèew )	Man ngaa ñaan daje ak sa layookat walla ñi teewal yoon ci say waxtu lekk. Ñiy saytu barab bi danañula defaral lekk jamono ji ngay waxtaan.
Gàwwu, dibèer ak bisu noppalu yi	4i waxtu par bis ( lum nèew-nèew )	Boo béggee aj aw waxtaan, man nga koo def. Loolu nak kenn manula ko defal , Yaakoy defal sa boppu.

<sup>a</sup> Laajte leen sàrt yi seen kuréli gox teg ñeel waxtu seetsi yi ak bépp xibaar bu ci aju.



## TABLO 4. XIBAAR YU JĚM CI leetar

### leetar BUNU YOONAL AK JOKKALANTE DANAÑ BÀYYI KOO:

- Layookat bi, ñiy teewal yoon ak layookati nguur gi.
- Àttekat yi, èttu àttekaay yi, ambassador ak koosilaa.
- Njiitu reew, ki topp ci moom walla ndajem États-Unis.
- Kurèlu amerig giy saytu yoon, DHS ( bokk na ci ICE, barabu saytukat bu mag bu DHS, barabu DHS ngir àq ak pèexteg nit ñi ak ICE gi yor wàllu wér gu yaram).
- Ñi jiite wàllum ñaxtu.
- Xamlekat yi ak ñi jiite wàllum xibaar yi.

### WAAJALUM leetar CI YOON

Ci kaw defukaayu leetar bi ci sa càmmooñ, bindal :

- Sa tur
- Sa numéro A walla numéro biñ lay xàmme, numéro A bi daa wara am ñèenti limtu yii mujee( A-XXX-XXO-000)
- Adressu barab bi

Ci diggu defukaayu leetar bi, bindal :

- Tur ak aderesu kiy jot leetar bi
- Turu mbootaay gi, niki ab layookat, kurèlu layookat walla lu jëm ci wàllum yoon. Binndal "leetar bu yoonu" walla "jokkalande" ci defukaay bi ( waxal sa layookat walla ki la teewal ne bèpp leetar bu jaar ci yoon nii lañ ko wara bindee).

### MBÓOTI LEETAR BI

- Bépp leetar buy duggu ak buy génn man nañu koo xool ndax luñuy tere nekku ci am dèet.
- Boo jotte leetar bu jaar yoon, ñi jiite barab bi danañ ko ubbi ci sa kanam ngir xool ndax Amul luñuy tere waaye duñ ko jang.
- Budee bëggoo ñu ubbi leetar bi nga bind ngir génn, bàyyil ñi jiite barab bi saytu ko waaye amuñu sañ-sañu liir ko, ub ko ci kanamu ñi lay saytu te leeral ko niki leetarbu jaar yoon.
- Man ngaa tej yaw sa boppu say yeneeni leetar ngir duggal ko ci fiñiy def leetaru ñiñ jàpp.

### LEETAR YI NU LA YÓNNEE

Bèpp leetar bunu la yónnee dafa wara am numéro A walla numéro biñu lay xàmme :

- Defukaayu leetar bi nga def ci sa dëkkuwaay.
- Xët yu njëkk ci leetar yi ñu bind daa wara am ñeenti limtu yi mujju ci sa numéro A ( A-XXX-XXO- 000). Budee leetar bi duggu amul sa numéro A walla sa numéro biñu lay xàmme, danañ ko yónneewaat ki ko bind. leetar ci lay bokku ak yamu àndal.

Sa leetar biy duggu daa wara am xibaar yi ci defukaay bi :

- . Turu ki yónnee bataxal bi
- . Baat yii "leetaru yoon" walla "leetar bu dogu"
- . Budee leetar bi leerul ci xel yi, barab bi du ko jàppe leetar bu jaar yoon.

**LU AM SOLO ! bokk na ci say waréef nga leeralal yii kèpp kulay yónnee leetar.**

Barab bi man naa baña yónnee sa leetar budee :

- Daa jàpp ne lu jubbul da cee nekk
- Man naa wane, melal walla indi ay jafe-jafe
- Walla muy leeral ay pexe ngir mana génn ci barab bi, defar ay ngàndaay walla yuy taal, jalgati yoon, ñàkka toppu sàrti ICE walla defar dorog walla sàngara
- Am ay nataal walla lu jëm ci wàllu sèy aki ñaawteef
- Am ay xuppaate, ay poti sàngara, ay ñaawteef walla ay saaga
- Am lépp lu jaarul yoon walla luñu tere, leetar yu làqu walla lépp luy laal kaaràngeg ak wòrug barab bi.

*Jokk gaangi ci xët wi ci topp*

## TABLO 4. XIBAAR YU JĚM CI leetar

### KAYIT YUÑ LAY XÀMMEE AK BOKK CI KEYITU XIBAAR

- Barab bi dana jukkale dokimaa yiñ lay xàmmee yi ngay jot ci ki lay saytu ci waa ICE te danala wax loolu. Man ngaa am benn duppet bu mengóo ak sa këyit ci nga laaj ko ki lay saytu ci waa ICE.
- Manoo bokk ci ay keyitu, katalog walla yeneeni feeñal waaye man ngaa am sa benn mbokku walla xarit bu lay yónnee ak bokku.

### JOTALEG leetar BI

- Barab bi dana jatale leetar ci 24i waxtu ak ñeent bim ko jotee waaye man nañu koo tēeye tuuti ngir wàllu kaaràngé ( misaal, ñiy saytu barab bi man nañoo tēeye leetar bi ba 48i ciy waxtu ngir leerlu baxam leetar bu jaar yoon la am dèet).
- Bu leetar bi ñēwee fekk génn nga barab bi , dañ koy delloowaat ki ko yónnee.

### SÀRT YI AJU CI WÀLLU XAALIS CI leetar

- Boo jotee xalis ci post bi, kiy saytu dana la jox ab këyit laata ngay dugal xalis bi ci sa compte.
- Man ngaa yónnee xalis ku nekkul ci barab bi. Yónnee ay xalis nekul khalaat bu rafet. Jotal ñiy saytu boo bēggee mandaa.
- Barab bu nekk amna sàrt yuñu bind yu jēm ci wàllu xalis ak, sekk ak yeneen. Gēstul sàrti barab bi. Bu leerul ci yaw ni nekk ci barab bi danañu la dimbali bamu leer.

### FAY FEREY POSTU

- Bu barab bi gisee ne manoo fay ferey postu yi walla leetar bi, man ngaa yónnee yenn xeetu leetar yi ci loo dul fay dara, bokk na ci leetaru yoon, leetar bi jēm ci barab bi lay teewal walla ci bèpp èttu àttekaay.
- Da nga jot lum nēew-nēew ñetti defukaayu leetar ci ayu bes bu ne. Man ngaa jotaale ay këyit aki xalima aki defukaay ci ki yor sa wàllu dēkkuwaay.
- Bu barab bi gisee ne man ngaa jënd bagaasi postu, kon doo ko jot ci ludul fay. Man ngaa jënd ay bagaasi ci biro bi. Yéral téereb barab bi ngir mana xam yi ci aju.

---

## AY LAAJ CI WÀLLU YORUM XALE YI

### Buma gisee ne ki ma bàyyee samay doom manatuleen yor ?

Xamal ko ñiy liggéey ci ICE walla nga jock ñi yor wàllu boole ak xibaar (DRILL) ci 1- 888-351-4024 walla ci 9116#. ICE man na laa jox man-manu jël ndogal ci kiy yor say xale walla ñu xoolat sag tèeye. Man nga itam mottali ben këyit ci kàggug barab bi ngir jël ndogal ci ki wara yore say doom.

### Nan laa mana gisaatee samay doom yuñu texalewoon ak man ca dig wa ?

Xamal ko kuy liggéey ci ICE walla nga woo waa DRIL ci 1-888-351-4024 walla ci 9116# walla 711 ci masinu TTY.

### Luy xew buma yègee ne sama doom danañ ko jox kurèel yi nga xam ne ñooy sàmm xale yi te fekk ñu tèe ma ?

Yégalal kenn ci ñiy liggéey ci ICE walla nga woo waa DRIL. ICE man na laa jox man-manu woo kurèelu nguur giy saytu wàllu xale yi daal di xool yi jàppandi ci yaw ci wàllum tèewum gone yi walla sax nga mana bokk ci bèpp yoonal buy aar xale yi. ICE dana man itam xoolat say mbir rawatina boo amee xibaar yu bees yu jëm ci sa doom.

### Nan laa wara def budee damaa jaaxle ci kaaràngeg sama doom ci réewum États-Unis?

Man ngaa wax ñi jiite barab bi ne ragal nga ñu jëflanteeg sa doom nu la neexul walla ñu sàggane ko ci kurèel yi nga xam ne ñooy sàmm gone yi walla nga woo waa DRIL.

### Luy xew budee damaa laale ak yoon ci ku wara yor sama doom walla samay doom ?

Yoon yi ñuy sàmmee xale: budee doxaliinu yoon day boole kurèel gey saytu xale yi , ICE man na la dimbali nga woo sa layookat bi yor wàllum aarum xale yi ci say doom yi nekk ay xale te kurèel giy saytu xale yi yor leen. Boo soxlaa ndimbal ngir xam ñiy taxawu fuñu féete, waxtaan ci ak ñiy liggéey ci ICE walla nga jock waa DRIL. Kurèel giy sàmm xale yi walla sa layookat bi yor wàllu sàmmug xale yi danañu la wax li nga mana def ba jël ay ndogal ci kiy yor say xale. Bokk ci ay serwiis, di déglu èttu àttekaay yi bu amee walla yeneen ndogal yoo mana jël ngir benale. War nga itam waxtaan ci ak waa ICE budee am nga bègg-bèggug def dara ci say këyit ci wàllu kurèel giy saytu xale yi.

Doxaliin ci wàllu àqu njaboot: budee li jëm ci wàllu yoon yaw la ak Keweenaw ( niki ki nga amal doom walla Keweenaw ci njaboot gi ), ICE man na laa jox man-manu woo sab layookat walla ñi teewal yoon ( budee am nga ko ), mana bokk ci èttub àttekaay, yóbbu ay dokumaa ci èttu àttekaay ba walla sax yeneen mbir yu lëkkaloo ak loolu.

### Numay def budee damaa am ay laaj ci wàllum sàmmu xale yi wàlla ci doxaliinu èttu àttekaay yi ci wàllum njaboot ?

Waxtaan ci ak sa layookat walla ki lay taxawu. Man nga itam xool dokumaa bi jëm ci *ñiñu jàpp ak ñiñu delloo: samay xale nax?* Defukaay bu jàppandi ci nosukaayu kàggug yepp ci àngale ak Español. Li mottali defukaay bi amna ay tegtal yuñu leeral ci wàllu kurèel yi ak jàppandalug nguur gi.

---

## BALLUWAAYU YOON

### ÀQI YOON CI MBOOLOO MI

Ci yenn barab yi, ñi bokk ci kurèel yi dañuy joxe ay melal ci lu jëm ci yoonalug amerikee yi ci wàllum tukki. Melal yooyu jàppandi na ci kèpp kuñu jàpp ci ICE ci barab bi. Fi nga nekk danañ siiwal ay xamle ci ay melal ci barabu mbooloo mi. Budee manoo jang walla nga nànd ab xamle, laajal ñu xamal la ko ci làkk woo xam. Ay dokumaa yuy tegtale yoon jàppandi na ci kàggug yepp ci làkk yu wuute.

Budee dañu laa ber walla nga def lutax ñu war la tekk ay daan te nga bègga fekke aajar gi, barab bi dana jël ay ndogal ngir nga mana dem:

- Manees na faa jël ay doxaliin ci wàllu kaaràngeg,
- Sa teewaay du am jafe-jafe ci wàllu kaaràngeg gi,
- Kiy aajar nangu na tērēliinu kaaràngeg gi.;

Taxaw seetlu: barab yepp amuñu ay aajar ci àqi yoon ndax ñépp duñu ko jàppandal. Ñi waa ICE yor man nañoo woo ñiy saytu barab bi walla waa DRIL ngir mana am yeneen leeral ci aajaru yoon yi walla nga say àq ci melalu widewoo yi.

## TELEFON KURÈELUG ÉTATS-UNIS GU MAG GIY SAYTU DAW-LÀQU YI (UNCHR)

UNCHR ñoo yor wàllum wootem telefon te doo fay dara ngir ñiy ñaan fuñu nekk ci besi Altine, àllarba ak àjjuma li ko dale 14h 00 ba 17h 00 HNE, man nañu laa firil li ngay wax. Sàmmug telefon jàppandi na ci boo wootee ci #566 mu bàyyi koo ci barab bi.

Man ngaa itam bind waa UNHCR :

UNHCR  
1800 Massachusetts Ave. NW Suite 500  
Washington, D.C. 20036

### KÀGGUG ÀQ

kèpp ku ICE jàpp am nga sañ-sañu jëfëndikoo kàggug gi jëm ci wallu yoon bi nekk ci barab bi ngir mana jot ci bagaasi yoon ak jumtukaay yiñu wéral (niki masinu fotokopi, masinu bind ak ay nosukaay) ngir mana duppe ak waajal dokumaa yi jëm ci wàllu yoon kepp. Jumtukaay yooyu ndax waxtaanu kenn taxukoo jog. Boo béggee bind sa leetaru bopp, laajal ay këyit, ay xalima ak ay defukaayu ci ñi la dëkkal.

Man ngaa am ay fotokopi ci say waxtaanu yoon. Yenn ci barab yi, man ngaa am ay fotokopi itam ci say booleeg yoon, xamle ak leetar yu jëm ci wàllu barab bi, leetaru yoon ay woote ngir feebar, ay ndogalu yar, ay këyit ngir ay soxla, ay fotogaraafi, ay këyitu xibaar walla yeneen dokumaa yu am njariñ yu la mana aajar ci say këyitu tukki.

### Yan waxtu la kàggug àq gi di ubbi ?

Waxtu yi kàggug gi di ubbi taf nañ ko ci dëkkuwaay yépp. Am nga lumu nêew-nêew 5i waxtu ci ayu-bes bu ne ngir liggéey ci sa dosiyee.

### Numay def buma soxlaa ñu yokkalma ay waxtu ca kàggug ga ?

Da ngay bind aw këyitu mottali jox ko ñiy saytu barab bi. Leeralal leen lutax nga soxla ñu yokkal la ay waxtu. Barab bi man na laa yokkal ay waxtu bu manee nekk. Ñi gëna jagoo ñu yokkal leen ay waxtu ñooy ñi yoon taxawu, walla ñu am yeneeni mbir yu jàmp walla taxawaay yu tembere.

### Fumay amee kayitu yoon yi ma soxla?

Kàggug gi man naa am ay téere aki xamle walla ay dokumaa yu jëm ci yoon manees na Leena wàccee ci nosukaay yi nekk ci kàggug gi. Am na ay dokumaa yoo xam ne dañ lay taxawu ci kàggug gi walla ci

nosukaay yi lay wan nakka :

- Ngay defee ay gëstu ci yoon
- Waajal ay dokumaa ci yoon ak
- Jëfëndikoo ay dokumaa ci yon ci sa nosukaay.

### Numay def buma soxlaa ay dokumaa ci yoon yu nekkul ci kàggug gi?

- Da ngaa wara bind benn këyitu mottali jox ko ñi jiite kàggug gi ci barab bi.
- Buñu nanguwul sa ñaan gi, da nga jot ag xamle guñu bind.

### Ndax man nañu laa bañal jote ci kàggug gi?

Kèpp kuñu jàpp ci ICE, ak foo mana dëkk walla sa tolluwaay, am nga sañ-sañu jot ci kàggug gi. Waaye nax budee ay jafe-jafey kaarange walla yeneen dana tax ñu wàññi walla ñu yamale sag jote ci kàggug, danañ la jox ay dokumaa ci yoon boo ko laaje.

### Numay def buma soxlaa ndimbal ngir mana jëfëndikoo kàggug gi ?

Laajal ñiy liggéey ci barab bi budee :

- Da ngaa soxla ndimbal ngir am ay mbóot.
- Da ngaa soxla ndimbal ngir jot ci mboolem jëfukaay yi,
- Da ngaa soxla ndimbal aki jumtukaay
- Dèggoo walla manoo jang àngale walla
- Nga nekk ku lafañ

Man ngaa ñaan ci say mooroom ku la mana dimbali ci say gëstu ak waajal say dokumaa. Man nañoo may ndigal sa moroom mu dimbalila budee ragaluñ ci jafe-jafey kaarange walla beneen jafe-jafe te doo ko fay walla nga koy jox lenn lu am njariñ. Bindal leetaru ñaan ki jiite barab bi.





**TAXAW SEETLU:** barab bi du fay kuñu jàpp ngir mu lay jàppale ci nooy jëfëndikoo kàggu gi.

Yaa wara xamal sa boppu sàrti kàggu gi. Da ngaa wara itam yër téereb barab bi. Boo jalgatee sàrt yi man nañu la teg ay daan te boobaa man ngaa ñàkk say jàppandal ci kàggu gi.

## **LOOTAABE AK DÈKKUWAAY**

### **TOLLUWAAYU LOOTAABE**

Boo yegsee ci barab bi, dana am ku càambar sa tolluwaay daal di lay yòbbu fa mengòo ak say moroom. Ndaw li dana dogal ci sa tolluwaay ci sukkandiku ci xibaar yi aju ci sa dosiyee rawatina :

- Jiiñ ak daanug ray nit,
- Jafe-jafey tukki yu yàgg,
- Dosiye ci wàllu yar
- Tolluwaayu lootaabe jamono jii ak
- Yeneen xibaar ak limu andal.

### **Numay def budee sama tolluwaayu lootaabe jubbul ?**

Am nga sañ-sañu ñaan njekk ci sa tolluwaayu lootaabe ak sa dèkkuwaay. Ngir loolu , da ngay teewal ab woote ci toppu niñ ko yoonale ci téereb barab bi.

### **Ñaata yoon la barab bi di nafaraat tolluwaayu lootaabeg ñiñu jàpp ?**

Tolluwaayu lootaabe gi dees na koy yëraat 90i ci ay bis ginnaaw lootaabe gu njëkk gi. Ginnaaw bi danañu ko xoolaat 90i bis yu ne ba 120i ginnaaw nattu gu mujju gi. Xoolaat téereb barab bi ngir am ab arminaat buñu leeral ci tolluwaayu lootaabe gi. Budee dañulaa ber, sag lootaabe danañu ko xoolat balaa ngay yegsiwaat ci liggéeyu mbooloo mi.

### **Ndax barab bi man naa soppi sama tolluwaayug lootaabe ci yeneen jamono ?**

Waaw, barab bi man naa soppi sa tolluwaayug lootaabe ak fa ngay dëkk ci jamono bune ngir wàllum kaarànge walla boo toppul sàrt yi.

## **KURÈEL GUY SAYTU DÈKKUWAAY**

Leeg-leeg, ñiñu jàpp dañu leen di yóbbu ci dèkkuwaay yu tàqalikoo yi ñuy woowee (SMU). Loolu lañuy faral di tuddee xàjjale. Ci ab SMU, dangay dundu ci sa barabu boppu bu teqalukoo ak say moroom. Loolu danay am buñu soxla saytu gu dëgër bu lale ci kaarànge ak lu wòor ak yeneeni mbir. Buñu la beree, danañu nafaraat sa tolluwaay bala ngaa dellusiwaat ci mbooloo mi.

### **Am na ñaari xeetu teqale:**

#### ***Teqaleb fagaru***

Teqaleb fagaru du ag mbugal. Man nañu la ber berug fagaru budee :

- Dañu lay toppee dara walla ñu war laa déglu ngir xëti sàrt,
- Dañu laa tuxal walla ñu ba la ci 24i waxtu yiy ñëwi,
- Da ngaa soxla ñu sàmm la te manoo nekk ci kaarànge ndax dañula fat ci barab bu xat (barab bi man na cee jël ndogal walla ki ñu japp) walla
- Da ngaa soxla saytu gu mag ndax da ngaa am ay jafe-jafey xel, di xiifal sa boppu walla ngay xalaat xaru.

#### ***Teqaleg yar***

Barab bi man naa yar kèpp kuñu jàpp te sa doxaliin mengoowul ak doxaliinu barab bi, bokk na ci tējub diir ngir yar la. Manu ñoo ber kuñu jàpp ngir aar ko ludul ñu am ci ndigalu ñi yor wàllu woowu ci barab bi, walla ñu yahoo ak moom ginnaaw ab déglu boo xam ne dañuy leeral ne kinu jàpp daa jalgati yoon.

### **Ndax man naa jot ci jàppandal yi budee dañumaa ber berug fagaru ?**

Waa, loolu du wànni dara ci say mbir . Waaye say jàppandal manees no koo wàññi ci li jàppandi ak jafe-jafey kaarànge gi.

Say jàppandal ci wàll yii man naa wàññiku:

- Sangu
- Fo yi
- Kàggug yoon gi

- Aajar ci ay mbooloo yuy aar yoon
- Woote telefon
- Seetsi gu yaatu;
- Sa diine ak
- Alal aki bagaas ( bokk na ci bagaasi liir yoon, diine ak sa yëfi boppu) Waaye

man ngay jot say :

- leetar
- Say woote yi jëm ci yoon
- Say nemmiku ak
- Sa wàllu wér gu yaram

### Ñaata waxtu la berug fagaru gi di am ?

Loolu dana aju ci yaw. Kiy saytu kaarànge gi dana càmbar bèpp berug fagaru ngir dogal budee dangaa wara des ci barab boobu.

Arminaatu toppaat yi mooy yii :

- Càmbar fi nga nekk ci 72h ci kiy saytu kaarànge gi,
- Nafaraat fi nga nekk ginnaaw 7i fan ci kiy saytu kaarànge gi, ak
- Càmbarug ayu-bes ci sag dal ci lu tollu ci 30i fan yu njëkk yi ci sa ñaareelu càmbar , ginnaaw ba fukki fan yu ne.

### Luy xew budee ànduma ci ñu may ber berug fagaru ?

Am nga sañ-sañu ñaan njekk.

### Naka laay ñaane njekk ?

Ginnaaw 7i fan yu tegtaloo ci berug fagaru gi, man ngaa ñaan njekk ci ndogalu bèpp càmbar buñu def ci kaw ñu bind ki jiite barab bi. Laajal kenn ci ñiy saytu walla ab firikat budee dangaa soxla ndimbal ngir bind jállale sab woote, ki saytu barab bi dana càmbar sa dosiyee 30i fan .

### Ndax man namaa am jàppadal budee dañu maa ber berug yar ?

Waaw, da nga wèyal di jot say leetar, di woote, ñu lay nemmiku ci wallum wér gu yaram. Waaye nax ci njumte yi nga def , say jafe-jafey kaarànge ak ay jàppandal ci barab bi, manees na la ma wàññil say jàppandal ci yii :

- Sangu
- Ay fo

- Kàggug yoon
- Wootey telefon
- Seetsi gu yaatu;
- Nemmiku
- Diine ak
- Alal ak say dokumaa boppu (bokk na ci say këyitu yoon, diine ak sa mbiri bopp).

### Ndax barab bi man naa saytuwaat sama berug yar ?

Say mbir dees na ko xool 7i fan yu ne ngir mana xam ne yaa ngi sàmm sàrt yi, te yaa ngi jot jàppandal yi nga mengóol, ak man laa tàbalaat ci askan wi.

Bu ab saytukat xoollee say mbir, dana la laaj ba noppi sos ag njureef ci waxtaan wi. Buñu jëlee dogal ci sa nekkiin ginnaaw ab saytu, saytukatub kaarànge gi dana yónnee ab dogal buñu bind ca saytukatu barab ba ngir nangul ko walla banal ko. Danañ la jox ab kopi ci dogal lu mujju li ludul barab bi am jafe-jafey kaarànge ngir jox la ko. Yéral téereb barab bi ngir ab arminaatu càmbar bu gëna leer.

## LEKK, YENGU-YENGU AK NDIMBAL

### LEKK

TBarab bi dana joxe ay lekk ñatti yoon ci bis bi. Benn lekk rekk nga am sañ-sañu lekk. Lekk yu baax lay doon yoo xam ne ku xam-xamam màcc ci wàllu lekk moo koy wéral. Danañ lenn ko jox ci barab bu wóor te am kaarànge, àndaaleeg ay serwiyett ak ay bagaas yoo wara delloo saa su lekk gi noppee. Lekk yi danañu ko seddale ci saal bu mag bi, walla ci saal bi nekk fi nga dëkk , walla ci beneen barab.



## Luñiy toggu ?

Barab bi dana leen tegal lekk yuñu baaxoo xam. Lekk yi ak waxtu lekk yi dees na ko taf ci dëkkuwaay. Xoolal li barab di faral di toggu.

## Ndax mbaam Xuux amna ci lekk gi ?

Lu ëpp ci barab yi duñu joxe yàpp mbaam xuux, waaye leerlul ngir am ci lu leer.

## Waa buma amee sama lekk boppu nak ?

Ngir mana laaj say lekku boppu ngir sa wàllu diine, yégalal ki yor wàllu diine yi ne ko damaa bëgg xeetu lekk yu mengòo ak sama diine. Ki jiite wàllu woowu man na laaj ay laaj ngir xam sabab yi waral ngay laaj sa lekku boppu, wax la itam nga mottali aw këyit. Kooku itam dana la wax yan xeetu lekk ñoo jàppandi ci barab bi.

Budee da ngaa soxla sa lekku boppu ngir sa wàllu wér gu yaram, waxal ñi yor wàllu woowu ñu saytu ko. Sag ñaan ngir sa lekku boopu ( ngir wàllu diine ak wér gu yaram) dañ koo wara nangu ngir nga mana am sa lekki boppu.

**BU AM SOLO!** Yaw yaa wara laaj sa lekku boppu boo ko soxlaa.

## Ndax damay jot lekk gu wuute budee dañu may yar ?

Deedeet. Lekk gi danañu ko joxe ci waxtu wi ñu ko baaxoo joxe.

## BUUTIK WALLA NJAAYUM MASIN

Seen barab bi man naa am magasin buñuy tuddee komiseer walla sedalekat. Bu sab barab amee lu ni mel, du war ngay jënd dara budee bëggoo ko. Boo bëggee jëfëndikoo magasin bi, xoolal téereb barab bi.

## Ndax damaa wara jënd ay bagaasi tuwaalet ca komiseer ba ?

Deedeet. Barab bi moo leen wara jox ay bagaasi tuwaaletu ak ay bagaasi setal lu mel ni saabu, sampowing, ay serwiyet ak yuñuy setale bëñ.

## Luy xew buma jëndee ay bagaas ba noppi ñu yóbbu ma feneen walla ñu neenal ko laata ma koy jot ?

Barab bi Amul war-waru yónnee la ay bagaas walla dellola sa xalis budee dañu laa yóbbu feneen walla nu dàq la. Waaye barab bi man na laa delloo sa xalis laata ngay dem. Xoolal téereb barab bi

## AY FO

Danañu la may sañ-sañ ngay def li nga bëgg ci biir walla ci biti benn waxtu bis bu ne. Bu barab bi nga nekk amee ay jàppandal, dinañu la may nga jot benn waxtu ci bis bi, juróomi bis ci ayu-bis bi bu ko gelaw li mayee. Budee yeneen tèreliin yi, man nañu laa may yeneen xeeti fo ci biti gi. Xoolal téereb barab bi.



## Yan yengu-yenguy fo lañu mana gaaral ?

Barab bi man naa am tele, ay film, ay foyikaay ak ay jumptukaayu tàggat yaram.

## Budee fo yiñuy def ci biti neewal nàñ ko walla jàppandiwul, ndax danaa mana am yeneen waxtuy fo ci saal bi ?

Deedeet.

## Luw xew budee barab bi ma nekk gaaraluñu ay fo ci biti ?

Budee barab bi gaaralul ay fo ci biti, man ngaa ñaan ñu yóbbu la ci beneen barab boo xam ne da nga mana am ay fo ci biti ginnaaw ay weer ( laajal benn ndawal ICE).

## DIINE

YDa nga am jotug jéfe sa diine. Jàppandal yooyu duñu ko wàññi ludul yaw walla jéf gi walla bagaasi diine yi nekk lu mana gállankoor wóorte ak kaaràngeg barab bi, walla budee jéfeg diine gi day yàq jàmm ci nekk ci barab bi. Tèreliin yépp dañu laa wara may ab jote gu xelu ci mbiri diine yi ak kilifa diine yi.



Ñi jiite barab bi danañu la leeralal nooy jotee ki jiite mbiri diine ji walla ki koy saytu ci barab bi, ak di lay jox ay xibaar ci :

- Lu jëm ci wàllum julli,
- Tërëliinu diine,
- Taxaw ci say soxla ci sa wàllu diine , màggal bu baax xew xewu diine yi ak bis yu sell yi,
- Nemmikug kilifa diine,
- Kilifa diine ak bagaasi diine yiñuy nangu ci barab bi ak
- Jot ci jàppandal yi, xelal ak laabiirey diine. Ñi ñu

jàpp ci ICE man nañoo :

- Bekk ci seen doxaliinu diine
- Sol ay yeerey diine yu jag ak
- Am yeneeni bagaasi diine yuñu nangu.

Barab bi manu leena yamale ludul mu am kuñuy ciy ragal ci wàllu wóorte ak kaaràngeg barab bi.

**BU AM SOLO!** Dangaa wara laaj barab bi nangug bèpp téere diine bu fegg yi dëgër. Téere yépp dañoo wara am fegg yu nooy.

## POROGARAAMU LIGGÉYU COOBAREWU

Budee barab bi nga nekk amna liggéeyu coobarewu, man ngaa coobarewu ngir liggéey. Ñiñu jàpp ci waa ICE amuñu war-waru liggéey te barab yu bari duñu nangu ñiñu jàpp ci ICE ñuy bokk ci porogaraamu liggéey yi. Bokk na ci say waréef nga xam porogaraamu barab bi jëm ci wàllu liggéey.

### Ndax dañu may fay ci sama liggéey?

Boo bokkee ci porogaraamu liggéeyu coobarewu ci barab bi nga nekk, da nga jot 1\$ ci bis bu ne waaye du doon misiyoo bu ne. Danànu la fay saa su bis bi jeexee ludul ne barab bi nga nekk di faye ci geneen anam ñi mu jàpp. Misaal yenn barab yi danañu fay lépp luñu la ameel balaa ñu lay jalale feneen walla ñu lay bàyyi. Xoolal téereb barab bi.

### Ñaata yoon lañu may fay?

Lu ëpp ci barab yi dañu lay fay bis bu ne. Baarab bi nga nekk man naa am beneen xeetu fayiin boo xam ne ci lañu lay fayee balaa ñu lay yóbbu feneen walla ñu lay bàyyi.

### Ñaata waxtu laa mana liggéey?

Manoo liggéey lu ëpp 8i waxtu ci bis bi walla 40i waxtu ci ayu-bis bi.

### Lan la liggéey bi di laaj?

Ngir bokk ci porogaraam boobu , war ngaa:

- Xaatim yëgleg porogaraamu liggéeyu coobarewu,
- Mottali bèpp njàng mu aju ci liggéey bi,
- Sàmmu bèpp àq bu jem ci wàllum solo, feeñug jëmm ak sa lètin ngir sa liggéey,
- Liggéey ci waxtu yiñu la mengle ak
- Def sa liggéey namu gëna rafete



### Ndax man nañu maa dàq ci porogaraamu liggéeyu coobarewu?

Waaw, man nañu laa génnee ci porogaraam boobu boo taardee te amoo ci ndigal walla nga ñàkka def sa liggéey nimu waree.

### Ndax dañu may fay buma feexee ba fima dëkk set?

Deedeet. Da ngaa wara setal barab yi ngay nekk, rawatina fi ngay dundu ak bèpp barabu mbooloo yi. Bu barab bi nga nekk setul, man nanu la cee yar. Yaw yaa wara xam sàrti barab bi nga nekk ngir mana setal barab yi ngay nekk ak barab yi ngay dundu ak say moroom ci dundug mbooloo.

## KÀGGU GI

Lu ëpp ci barab yi dañuy am ay dokumaa yu niroog yiy am ci ekool yi ak koñ yi. Barab bi day bàyyi xel ñi fi nekk niki ay soxla, aki man-man ci buñu waree dogal ci bagaas yi.

## Ndax man namaa dem ci kàggu gi waxtu bune?

Deedeet. Xoolal téereb barab bi ngir mana xam nunuy jëfëndikoo kàggu gi. Kàggu gu ne amna arminaatu nuñu kay jëfëndikoo ak nuñu fay jëlee ay dokumaa. Fexeela may ñeneen ñiñu jàpp ñu man di liir dokumaa yi nekk ci kàggu gi. Deel toppatoo aka saytu bu baax dokumaa yi ngay génnee ci kàggu gi ak dileen delloo ci waxtu.



## FEKKE BENEEN ATTEB TIRBINAAL (BU JËMUL CI TUKKI)

**Ndax man namaa fekke àtteb tirbinaal buñu waajaloon ngir man ci beneen mbir (maanaam bu amul lëkkaloo ak wàllum tukki) ?**

Budee waajal nañu ab deglu ci meneen mbir (misaal budee da ngaa nekk ci mbirum yoon walla ci wàllum yor xale), laajal ndawal ICE noo mana bokkee ci deglu bi. Budee waajal nga ab deglu ci èttu àttekaay bu jëm ci wàllu njaboot ak sàmmu xale, laajal ndawal ICE nuñu mana yombale sag bokk. Budee waa ICE Manu ñu laa gunge ca èttu àttekaay ba, danañu def ay pexe ba nga mana bokk jaareko ci widewoo walla telefon. Indil ay dokumaa yoon (boo ko amee) ci ndawal ICE num gëna gaawe ngir ñu mana fexe ba nga bokk.

## TAKKUM JABAR

Budee da ngaa bëgga takk soxna jamono ji nga nekke ci barab bi, yaw (walla sa layookat walla ki lay teewal) da ngaa wara bind leetar yónnee ko ki jiite dëkkuwaay yi walla ndawal ICE mu jox ko ki jiite barab bi walla ki jiite ICE ci bitti.

Sa laaj boobu daa wara dëggal ne :

- Matal nga sàrt yépp ngir mana takk jabar ,
- Wér nga ngir mana takk jabar, ak
- Ki nga bëgga takk wéral ne bëgg na séy ak yaw. Boole ci ab dokumaa (boo xam ne ki ngay bëgg moo ko xaatim) wéral ne bëgg naa séy ak yaw.

Ki jiite barab bi war naa yónnee ab leetar ci ki jiite ICE ci biti ngir wéral ko. Boo jotul wéral gi ca waxtu wa, kon da ngaa wara yeexal walla nga bàyyi wàllum takk jabar. Buñu la bañalee li ngay ñaan, yaw ak ki lay teewal di ngeen jot leetar buy leeral ne takk gi amul.

## WÀLLUM YÈERE AK DEFARU

### TËNI YI


Da nga jot ab tëni (sëmiis, paantaloo ak dàll) ak benn lam ci waa ICE ERO ak yeneen barab yi nekk ci kontaraa waaye du li èpp ci kaso yi, Wengo wi day mengoog sa tolluwaayu kaaràngé :

- **Baxa** ngir saytu gu suufe gi
- **Oraas** ngir saytu gu yam ak
- **Xonq** ngir saytu gu kawé gi.

**Boo nekke ci kaso bi, wirgoy tëni yi ak sàrt yi aju ci tëni yi man naa wuute.**

Da ngaa war di sol foo tollu tëni wirgo yi mengoog sa kaaràngé.

**BAM DES :** Ci sàrti barab bi, ñiy liggéey ci waañ wi man nañoo sol tëni bu wuute ak seen tolluwaayu kaaràngé (ci misaal tëni bu weex walla ab buluus) buñu nekke ci liggéey.



**ANdax amna yeneeni sàrt ci wàllum yéere yi ?**

Waaw. War ngaa sàmm sàrt yooyu :

- Amul yére bu xotteeku walla bu tilim,
- Bul soppi walla ngay jëfëndikoo waat sa tëni (misaal bul sol sa sëmiis niki ab sagar walla nga lem sa paantaloo bi bamu gàtt),

- Amul sol baxana ludul mu bokk ci sa tëni liggéey walla ki la jiite ci diine nangu ko ngir sababi diine.
- Amul génnee dàlli duus ci bitig barab bi.

### Yeneeni sàrt

Da ngaa war di sol sa tëni bèpp (sëmiis, paantaloo ak dàll) sudee yaa ngi ci :

- Bitig barab bi,
- Ci saal bi ngay lekker,
- Dig-daje wér gu yaram (ludul lu safaano),
- Dem tirbinaal
- Ci mbiri diine yi
- Gis ay seetsikat.

### Batay lu jëm ci wàllum sol yere

- Bul def sa seentiiru paantaloo ba nga xam ne sa yere yi ci biir walla sa taat yi di feeñ,
- Bul tekk sa loxo yi ci sa seentiir ba ci jamonoy sedd,
- Bul summeeku ba set ludul nga nekk sa barabu bopp walla fi ngay sangoo.

### Ay dàll ak yere yu yiw

- Deel sol say dàll foo tollu
- Budee ay dàll ferme ngay sol, solal ay kawas boo ko amee,
- Solal say dàlli duus ci duus bi,
- Deel sol yere yu mengoo ak kilimaa bi.

## SAY TOPPATOO BOPP

Da nga nekk ci ab neluwukaay walla ci dëkkuwaay bu tëju yaag say mooroom. Setug kenn ku ne dana tax ngeen mana am wér gu yaram.

### Kañ laay mana sangu ?

Xoolal waxtu yi ñiy sangu ci fi nga nekk. Dana la wax kañ ngay mana jëfëndikoo duus bi bis bu ne. Da ngaa wara sangu lu bari te fexe sa karaw yi di set

### Numay def buma soxlaa sampowing walla yeeneeni mbir ?

Danañ la jox ay jumptukaayu set boo yegsee ci barab bi, rawatina sampowing ak saabu, looy raxase say bëñ, peñe ak boros, ak yeneeni jumptukaayu set.

Boo amul jumptukaay yooyu, laajal ñi yor wàllu woowu ñu leeralal la ci. Jigéen ñi man nañu laaj ki jiite dëkkuwaay yi bagaasi jumptukaayu jigéen buñu ko soxlaa.

## DEFARU

Ñakka set ak tilim man na indi gállankoor akug wéradi ci barab bi. Boo sàmmut sàrt yi jëm ci wàllu set ak yere, loolu man naa indi ay xulòo ak ñineen ñi nekk ci barab bi te bu boobaa ñiy saytu man nañu laa laabire ba noppi yar la.

Barab bi dana def lumu man ngir bàyyi xel sa wàllu defaru ci mbiri diine. Da ngaa wara set te fegu, di sol foo tollu yere ak dàll yu mengoo.

### Naam man namaa bàyyi sama kawar gi numu ma neexee ?

Waaw. Man ngaa defar sa boppu ni nga ko bëggee budee wóor na te set.

**BAM DES:** Booy liggéey ci waañ wi walla ngay jëfëndikoo masin, sa kawar daa war di set ba pare nga takk ko.

### Ndax man namaa am kawaru sikim walla mustaas?

Waaw, ludul ngay liggéey ci waañ wi walla ngay jëfëndikoo masin. Ngir wàllum kaarànge, ñiy liggéeye ci waañ walla ñiy jëfëndikoo masin dañoo wara watu jamono ji ñuy liggéey. Boo nangoo di liggéey ci waañ walla ngay doxal masin, dangay nangu sàrt yi. Amul sette ci sàrt boobu.

### Ndax man na maa watu?

Waaw, li ëpp ci barab yi, man ngaa jënd watukaay bis bu set. Da nga kaa wara delloo boo watoos ba noppi. Buñu la waree deglu tirbinaal, barab bi danala taxawu ba nga watu sooga dem.

### Ndax man namaa dagg sama kawar?

Waaw, boo bëggee wat sa kawar da nga koy laaj. Xoolal téereb barab bi ngir xam nuñuy laaje ngir ku bëgga watu.

**BAM DES !** Yaw yaa wara jàng sàrt yi jëm ci wàllum defaru ci barab bi. Xoolal téereb barab bi ci wàllu woowu.

Manoo bokk sa watukaay ak keneen. Ngir sa wàllu wér gu yaram ak sa kaarànge. Bokk watukaay man naa indi ay feebar yu mel ni VIH ak epatit. Xoolal téereb barab bi ngir xam li jëm ci wàllum watukaay yi.

## FÓOT

Ngir am yere yu set, dangay indi yere bu tilim ngir am bu set. Lum nêew-nêew man ngaa wexcoo say juntuukaay ci arminaat bii :

- Kawas ak yere yu set
- Sa wirgo tēni, ñaari yoon Co ayu-bis bi,
- Darab, jegenaay ak serwiyet, benn yoon ci ayu-bis bi
- Tēni waañ bu weex , bis bu set

**TAXAW SEETLU :** Ci yenn tērēliin yi, man ngay wecco Sam fōot Leeg-leeg. Ngir ñu mana xam ne amna yere yu doy ngir ñépp, manoo am yeneeni yere. Bul di fōot ay yere darab, dàll walla yeneen ci fi nga nekk ludul nga am masin aki yuy wawal yoo xam ne am nga ndigalu jēfēndikoo ko. Xoolal téereb barab bi ngir xam waxtu yiñuy fōot, wecco yere ak tēni ci liggéeyu coobarewu.

## TĒRĒLIIN WU SET

Amna solo nga fexe ba barab bi nga nekk set ngir sa wér gu yaram ak sa kaaràngé.

### Ndax man namaa defar sama Lal ?

Waaw da ngaa wara defar sa lal bis bu nekk Bala ngaa tàmbale say yengu-yengu ak sa liggéey. Fi nga nekk daa wara set batay di liggéey ak ñi nga nekkal ngir barab yi man

di set te ñong. Bul di wèkk ay darab, mbalaan, serwiyet walla lumu mana doon ci fiil yi, leer yi, lal yi walla yeneen. Xoolal téereb barab bi ngir xam nuñuy wèkkee serwiyet yu tooy yi.

### Set gi

- Booy defar sa kawar ci kaw taabal ji, feexel ba bu fa karaw des.
- Sànnil mbalit mi ci pubel yi waaye bu ko sànni ci suuf
- Sànnil juntuukaayu set yi ca pubel ba waaye bul ko sànni ci suuf walla ci duus yi.
- Bul di bàyyi ay desiitu lekk fi nga dēkk. Loolu day indi ay melantaan ak yeneen xeeti gunðor.

### Fan laa wara denc samay mbiri boppu ?

War ngaa xool téereb barab bi ci lu jëm ci wàllum denc sa mbiri boppu. Ku liggéey ci barab bi danala wax nooy def. Boo ko dencul fu wóor man nañ koo yòbbu.



Bu loolu amee, sa waréef la nga wax kiy saytu mu joxaat la ko. Bul teg mbir fuñ koy tere, niki palanteer yi, wetu palanteer yi, tēddukaay yi, tiruwaar yi ak Matala yi.

## SÀRT AK DOXALIIN

### WAÑÑ

Ñi nekk ci barab bi danañ leen wàññi 3i yoon ci bis bi ci waxtu yoo xam ne dañ koy mengale ak yengu-yenguy bis bi. Da ngaa wara bokk ci wàññi gi ak di topp tērēliin yi. Xoolal téereb barab bi.

**Buñuy wàññi bul yengu, bul wax te bul def dara luy yàq wàññi gi.**

Man nañulaa teg ay daan (te ñi nekk sa dēkkuwaay ñépp man nañ leen tēj ci benn nēeg), buñu la wàññiwul, walla toppoo tērēliin wi walla nga yàq wàññi gi.

## YI ÑU MAYE AK YI ÑUY TERE

Alal yépp lañu wara sàmm, te loolu mooy ñiy wisite ak ñiñu jàpp dañoo wara am ndigal ci bèpp bagaas buñuy am donte bagaas yooyu may nañko ku ko am ci barab bi.

**TAXAW SEETLU :** Barab bi man naa sànni lu ko soob ci say bagaas donte daa doon yuñu maye, budee da nga cee am lu èpp walla ni nga koy jēfēndikoo baaxul walla nga soppo leen te amoo ci ndigal. Bèpp bagaas bu barab bi yoonalul dañ koy jàppe lu jaarul yoon. Xoolal téereb barab bi ci lu jëm ci alal yinu yoonalul ak yi jaarul yoon.

## Lan mooy lu jaarul yoon ?

Lu jaarul yoon mooy lépp luñuy aaye ci barab bi. Waroo am dara loo xam ne daa am xatar walla muy yàq dara ci doxaliinu barab bi. Sa waréef la nga xam sàrt yi jëm ci luñu maye ak luñu mayewul ci barab bi. Boo amee lenn ci mbir yiñu wax fii walla luñu mayewul ci barab bi, man nañu laa teg ay daan.

Bagaas yi jaarul yoon mooy yii :

- Phone ak lu aju ci phone
- Alkol ak dorog bu jaarul yoon
- Juntukaay yuy gaañe, fetal ak bomb
- Lépp luñu mana soppi walla ñu man koo jëfëndikoo ngir génn barab bi walla
- Luy foto, wodewoo, luy denc, telefon walla leneen luñu mana jëfëndikoo ngir jël ay foto, ay ojo walla widewoo kuñu tëj, ñiy saytu walla alali nguur gi.

Alali bopp yi, ba ci yere walla yeneen bagaas, man nañu koo jàppe lu jaarul yoon, ludul kiy saytu dëggal ko walla nga jënd bagaasi magasee bi walla sedalekat yi ci barab bi.



## GËSTU AK CÀMBAR

ICE dana xool ñi nekk ci barab bi ngir mana sàmm seen kaarànge ñoom ñépp, di saytu li jaarul yoon, fexe ba barab bi set te ñong. Gëstu yi jubuwulaa mbugal. Ñiy saytu duñu la xool walla ñulay seet ci jëm ngir mana xam say awra.

## Kaň lañ may seet ?

Danañu xool sa alal ak sa yaram ci jamono yii :

- Booy sooga yegsi ci barab bi,
- Saa suñu jàppee ne denc nga luñuy tere walla fetal,
- Saa soo duggee ci sa dëkkuwaay
- Boo bàyyikoo fi ñuy wisitee ginnaaw ab wisit ak
- Leeg-leeg ñu am yuñuy def te duñu ko waajal.

## Ndax man na maa bañ ku ma seet ?

Deedeet. Da ngaa wara dimbali kiy saytu mu xool la. War nga itam topp lépp luñu la wax nga def ko.

**Boo toppul yiñu lay wax man nañu laa teg ay daan.**

## Buma bañee ñu seet ma nak ?

Man nañu laa xàjjale ak say moroom ber la. Loolu dañu koy def ngir sàmm sa kaarànge ak ñeneen ñi.

## Ndax damaa wara summeeku buñu may seet?

Buñu jàppee ci lu wóor ne da nga denc fetal walla juntukaay buñuy tere, danañu la summi ba nga set xool la.

## Ndax ki may seet ñooy bokk awra ?

Lu jëm ci wàllu seet ngi xam ne dañu lay futi (boo summikoo) : ki lay seet yeenay bokk awra. Budee kenn ku bokkag yaw awra amul, barab bi dana fexe ba seet gi mana am cig nēbbu ak ñaar ñuy liggéey ci barab bi, dana am kenn ku bokk ak yaw awra ku koy teewe ngir man laa taxawu.

## Ndax ñiy saytu barab bi man nañu maa gis ?

Ku bokkul ak yaw awra warulaa xool boo nekkee ci duus bi, walla lu jëm ci wàll summeeku, walla ngay soppi yere, ludul ci jamono yu am xatar walla seet gi jëm ci wàllu saytu kuñu baaxoo def walla mu jëm ci lunu yoonal ci wàllum faj walla saytug kuy dem duus. Ñiy saytu te bokkuleen awra dañoo wara yēglu buñuy duggu ci barab boo xam ne man nañu laa fekk ngay sangū, walla ngay def tàggatu yu jëm ci yaram walla ngay summeeku.



## YAR AK SAY ÀQ

Yoon ak yar manuñoò nàkk ci kaarànge ak nekkinu ñiñu jàpp ak ñiy saytu. Yenn jafe- jafe yi manees na koo saafara te yoon du ci am wàll ci ay laabire, waaye yeneen jafe-jafe man naa laaj yar.

Tërèliin yépp dañuy topp ay doxaliin yuñu tëral ngir am lu wóor ne say àq danañu ko sàmmu, ba ci sa àq ci :

- Doxaliin buy faral di am, bokk na ci niñuy doxale sa dosiyee ci jamono yumu mengool,
- Ay jàppandal ci tekki ak leeral ndax nga mana nànd ak di diisoo
- Ay tuxal, ndimbal ak jàppandal ngir ñi ame lafañ ngir mana jàppandal say diisoo ak ñi nekk ci barab budee dangaa am jafe-jafey dègg, walla gis walla nga am jafe-jafey diisoo.
- Diisoo ak ñeneeni nit walla ay mbootaay, ludul ne diisoo gí man naa indi jafe-jafe ci wàllu wóoraay, kaarànge walla yoon ci tërèliin wi.

Jamono ci la waa ICE tèeye am nga sañ-sañu :

- Aaru cig siif, ci jëmm, daan jëfëndikoo doole, gaañu gaañu jëmm, toppatoog wér gu yaram gu jaarul yoon, yàquq alal ak siifaate ak
- Ñu bañ laa beddi teg ko ci xeet, diine, fa nga bàyyikoo, sa kàttanu jëmm, kàttanu xel ak say gëm-gëm ci politig.

Bu la neexee man ngaa boole ci yoon boo jappee ne say àq dañu koo salfaañe. Kenn manula teg ay daan ngir li nga boole ci yoon.

### Numay xamee samay sàrt ?

Barab bi dañu laa wara yónnee leetar ci sàrt yi, doxaliin yi, waxtu yi, ak lépp luñuy wax ci téere bi. Batay barab bi dana la jox téereb barab bi. Dañoo war di wax ak yaw ci lakk boo dègg. Yégel ko ci ñiy liggéey ci barab bi walla ndawal ICE boo soxlaa ndimbal walla nga am loo xamul.

### Luy xew buma jàddee yoon ?

Barab bu ne amna ay sàrt yoo xamne ñi fi nekk dañu koo wara sàmm, di ko toppu. Buñula jiiñee jàddum yoon, ñiy saytu :

- Danañu regle siifu ñu ndaw ñi cig laabiire,
- Tàmbale ab lùññtu ci ñaar fukki waxtoog ñeent yiy ñew budee jaarul yoon.

- Yégal ñi yor yar gi siif yu ndaw yiy am ak waa (UDC) ak
- Yégal siif yu mag yi ñi yor kureel giy saytu yoon te muy (IDP)

Say mbir buñu ko joxee waa UDC, danañu amal ab saytu ci ñaar fuuki waxtoog ñeent yiy ñew ci xamleg saytu gi.

Buñu eggalee say mbir ca waa IDP, danañu amal ab deglu ci 48 l ñiñu jote leetaru IDP.

Man nañulaa ber njëkk ñulay deglu. Bu waa IDP waxee ne dangaa xotti sart barab bi, man nañulaa yar walla ñu teg la ay daan yu mengoo ak li nga def. Misaal man nañulaa xan ci ab diggante yengu-yengu yi ak doxal ci komiseer walla yeneen jàppandal.

### Lan mooy tërèliinu yar gi?

IDP benn mu taggaloo ci kenn kuy yor wàllum yar gi walla mbooloom ñetti nit ñoo xam ne ñoo dogal ci bu siif amee. Kenn ci ñoom mooy yor doxaliin gi. Amna ñoo xamne waruñoò bokk ci waa IDP rawatina :

- Ki xamle siif gi
- Ki yoroon lùññtu gi ci siif gi
- Ak kèpp ku ko fekke walla nga bokk ci ñi ko fekke walla ñi ko xamle.

### Lu IDP di def?

IDP mooy dogal nuñuy saytoo say mbir. Day toppu yoon yi barab yi tëral ngir mana xam ban xeetu daan mooy yell ci xeetu siif yi. Man nañoo wàññi walla ñu neewal jiiñ gi buñu jappee ne xotti woo sart yi . Boo àndul ci li waa IDP àtte, man ngaa ñaan ñu xoolaat say mbir. Xoolal téereb barab bi ngir xam nan lañuy defe loolu.

### Lan mooy samay àq bu amee ab deglu ci ñuñuy tuxal ?

Bala ñoo yónnee xamleg mbir mi ci waa IDP, barab war nañu laa xamal ci bind say àq ci deglug waa IDP, bokk na ci say àq ci:

- Laajal kenn ci ñiy saytu ku bokkul ci mbir mi ci mu dimbali la, taxawula, waajal la, waxal la ci buñuy deglu ñiñuy tuxale.

- Xamle ay wax ak ay lay, ak ay seede ci kanamu IDP,
- Noppi. Jarul ngay wax boo ko bëggul. Kenn manulaa tegi daan ci sag noppi,
- Teew ci jamonoy deglu yépp walla nga bàyyi,
- **BAM DES!** Bu la neexee nga teew walla nga ñàkka teew bu waa PDI di daje ngir jël dogal ci say mbir. Batay duñu la may nga teew budee sa teewaay day salfaañe kaaràngeg barab bi, waaye man nga bokk ci kaw nga jëfëndikoo telefon walla nga bind.
- Jàppandal ci wàllum tekki ak firi ngir mana xam ak di diisoo
- Jàppandal ci ay ndimbal yu la barab bi mana defal ngir sa wàllum diisoo budee sa dègg neexul, sa gis-gis walla nga lafañ,
- Jot ndogalu PDI ak ay leeral yuñu bind ci naka lañuy jèlee seeni ndogal ak
- Ñaan ñu xoolat ndogalu waa PDI budee àndoo ci.

**LU AM SOLO!** Woote yi dees koo wara mengale ak doxaliinug booleg ñiñu jàpp. Ndax

### IDE man naa tuxal deglu gi?

Waaw, am nga sañ-sañu tuxal sag deglu budee man nga wonee li waral, walla budee waa IDP dañoo bëgga gëna lùññtu say mbir, man nañoo tuxal sag deglu. Waaye, budee yaa ngi nekk ci ay tëralin yu am solo buñu la jàppee te yaa ngi xaar ngir déglu, jamono ji mënula ëpp 72ay waxtu, sudul ay mbir yu am solo.

## JĚFANDIKOO DOOLE AK JÀNKOONTE

Ñiy saytu waruñoo waruñoo jëfëndikoo ludul doole ju yam ngir saytu ñiñu jàpp, aar seen kaaràngé ak kaaràngeg ñiy saytu ak ñeneen ñi, watandiku ay yàq te aar kaaràngeg barab bi. Ñiy saytu man nañoo jëfëndikoo doole ginnaaw buñu defee liñu man lépp ngir saafara mbir mi. Doole ak yiñuy jëfëndikoo ngir noot duñu ko jëfëndikoo ngir mbugal.

## DAANI TUUMA

Jamono ji ngay nekk ci barab bi, da ngaa wara sàmm sàrt yiñu tëral. Bu teggee sàrti barab bi, réew mi walla li boole réew yi, man nañulaa boole, kilifa yi yor wàll woowu jàpp la, àtte la ci ab tirbinaalu barab bi, bu réew mi walla bi lëkkale réew yi. Jiiñu barab bi, réew yi walla li lëkkale réew yi man nañu koo saytu ci barab bi niki ay laaj yu jëm ci yar.

### Luy xew budee dañu maa jiiñ ay tuuma?

Danañu la wax am nga sañ-sañu jël ab layookat. Boo amul xalis ngir mana jël ab layookat , tirbinaal bi dana jël ab layookat ngir mu taxawu la. Am nga sañ-sañu diisoo say mbir ak sab layookat walla ki fi teewal yoon ba noppi am ab layookat walla kuy teewal yoon ci jamono yiñu lay deglu tirbinaal.

### Luy xew budee am nga àtte bu nekk ci yoon ci fima nekk walla ci réew mi ba noppi ma bëgga xeex mbaa toppe ngir ñu bàyyi jiiñ gi ?

Budee da ngaa nekk ci loxoy ICE ba pare bëgg ñu àtte la ci tirbinaalu barab bi walla réew mi ngir dindi tuuma yi ñu la teg, tirbinaalu barab bi walla réew mi war naa jox leetar waa ICE ngir ñu man laa saytu ngir nga mana teew ci jamono ji ñuy àtte jiiñu barab bi.

**TAXAW SEETLU:** Ñaan gi ngay ñaan ag teewe du taxawal walla muy yeexal liggéey yi ci waa ICE ngir genne la ci rewmi. Gàttal gi dañu koo wara jox waa ICE walla lumu nèew-nèew kilifa barab bi walla nguur gi daa wara jël ay waréefam ci yéeneem ci jox waa ICE ñu yeexal walla ñu aj coonay dello gi.

## WÉR GU YARAM AK KAARÀNGE

### TÀGGATUG MUCCAL

Leeg-leeg, dees na amal ay tàggatuy muccal. Tàggatu yooyu man na laa dimbali nga mana aaru ci barab bu am xatar, tolluwaay yu jàmp lu mel ni tàkk-tàkk , walla gaas bu rëcc, gaañu gaañu nit walla bèpp xatar. Lu ëpp ci yooyu, duñu la xibaar lu jiiu amug tàggatu gi. Amaluñu tàggatu ngir di la ragalloo walla di la xatal. Ngir sa kaaràngé, war ngaa xam ay pexe ngir mana génn ci tabax bi bu jèeya amee naka noonu itam xam gennukaayu tabax bi nga dëkk (war ngaa am kartu barab bi)

**LU AM SOLO!** Da ngaa wara toppu ndigal yi ci ab tàggatu ngir ab jèeya ju jàmp. Boo toppul sàrt yi man nañu laa teg ay daan.

### Nuñuy jëfëndikoo duus

- Bul di taxaw ci duus yi. Toogal ci bangu tuwaalet yi te boo noppe nga bës dox mi jàll,
- Defal papiyee yi ñuy jëfëndikoo yépp ci tuwaalet yi boo noppe bës ndoxmi dem.
- Bul jëfëndikoo doxum tuwaalet yi ngir sangan ak
- Sànnil serwiyet yi ak yi jigéen ñi di jëfëndikoo ca pubel ba.

## Raxasum loxo yi

Mikorob yi man na laa feebar walla ñu wàll la ko ci laaley loxo. Deel raxas say loxo lu bari ngir watandiku feebar yi:

- Deel fexe ba ndox mi di jàll te ngay raxas say loxo ak saabu.
- Raxasal baaraam bu ne te nga jonj say loxo, raxasal sa ñaari wetu loxo yi ndox ak saabu, raxasal suufu we yi lum nêew-nêew 20i Raf, boo noppee fonpal te wawal say loxo,
- Deel raxas say loxo bala ngaa lekk, boo jogee ci duus boo laalee ay dem-àll, boo fowee walla nga liggéey ci biti walla nga jege nit ku feebar.

## Duus ak say jumptukaayu bopp

- Da ngaa war di faral di sangoo saabu ak ndox,
- Deel sangu ci duus bi kese waaye bul di sangu ci lawaboo bi. Bul di saw walla ngay puub ci duus bi walla ci lawaboo bi,
- Deel jëfëndikoo lawaboo yi ngir raxas say loxo walla sa kanam, walla ngay watu walla raxas say bēñ
- Bul wat sa boppu walla sa kawari awra,
- Bul bokk sa watukaay ak ñeneen,
- Bul di bokk sa borosu boppu, sa peñe ak sa yeneen jumptukaayu bopp ak ñeneen,
- Bul bēñ fenn ci sa yaram,
- Deel jëfëndikoo xet gu neex bis bu set
- Bul bàyyi benn yere ci duus bi

Tatuwaas dañu koy aaye ci barab bi

## Setug bēñ yi

- Deel raxas say bēñ ginnaaw lekk gu ne ak bala gaa tēdd,
- Tegal boros bi bamu yam ak 45 dēgēre diggante bēñ yi ak siiñ mi,
- Tegal boros ci kaw mu jēm suuf ci bēñ bu nekk, amal 10i saa ci bēñ bu nekk bala ngaa jàll ca ba ca des,
- Deel raxas bēñ yi nekk ca biir tey raxasaale ndank làmmiñ wi ,
- Fonpal barab yi ci kaw yépp ak bēñ yi ci suuf,
- Budee bēñ yi ngay sàqamee, tegal boros bi ci kanam mu jēm ginnaaw,
- Bu manee nekk, defal suwaa ci sa bēñ yi ak siiñ bis bu set.

## Ngir sa wàllu wér gu yaram

- Deel lekk ñatti yoon ci bis bi. Deel lekk ay foyteef ak ay lujum. Bul lekk bonbon bu bari,
- Deel tàggat sa yaram lumu nêew-nêew 30i simili ci bis bi. Deel def tàggat yaram, di dox, di daw walla ngay pompe. Boo tàggatul sa yaram lu yàgg, defal ay tàggatu yu woyof walla nga daw tuuti ngir di tàngalu ak di watandiku gaañu gaañu yi.,
- Deel jèema nelaw lum nêew-nêew 8 ba 10i waxtu guddu gu ne,
- Fattal sa gemmiñ booy saqat walla ngay tissooli te bul tifli ci suuf. Loolu man naa indi ay Mikorob yu mana feebar ñeneen ñi ak
- Dañuy aaye kuy tokh. Kon fexeela bàyyi tokh ba fàwwu. Mooy lu èpp solo loo mana def ngir sa wér gu yaram.

Tokh dañu koy aaye fèpp ci barab bi (biir ak biti).

## Nooy amee wér gu yaram ci jamonoy tàngoor ?

Sa yaram dafa soxla ndox ngir mana wér. Ci jamonoy tàngoor, dangay ñaq te sa ndoxu yaram di jeex. Loolu man naa la:

- Jox ay miir
- Di wawal sa gemmiñ gi ak sa làmmiñ wi ñuy taqaloo,
- Di soppi sa saw muuy ñuule mi te it lu néew ngay saw.

Deel faral di naan ndox mu bari ci bis bi. Boo maree, loolu day wane ne sa yaram soxla na ndox mu bari. Deel naan ndox ci jamonoy tàngoor donte sax marò. Bu sa saw mi soppekoo, loolu mooy li ngay naan doyul. Booy tàggat sa yaram, deel yokk sa naanum ndox.



Bu tàngee:

- Deel sol yere yu woyof,
- Deel nekk ci ker gi ci waxtu yi gëna tàng ci bis bi,
- Bul nekk ci naaj wi lu yàgg
- Boo tàmbalee miir , toogal ci ker gi walla ci biir.

### Yègalal ñiy saytu yaram budee:

Da ngaa néew doole walla ngay daanu soon jug walla ngay saw lu néew.

### Kaaràngeg Lal bi

- Bul di tēb ci kaw ak ci suuf ci kaw lal bi
- Defal nànk booy tēdd ak booy jug. Deel dox ci barab bu wóor ci kaw suuf si ak fi gëna yaatu ci sa tànk,
- Wàccel sa boppu booy génn ci Lal bi tey nelaw ci Lal bi ci suuf,
- Boo daanoo ci lal bi , yègal ko polisee bi teew ngir ñu man laa xool ci barabu fajukaay bi.

### Jàmm ji

Barab bi du maye benn xeetu siif ci jëmm walla ci awra. Bula kenn siifee ci jëmm walla ci awra, wax ko ñiy saytu walla ñiy faj. Danañu jël ay daan ci kèpp koo xam ne da ngaa siif nit ci jëmm walla ci awra ci barab bi.

### Dèggoo ak ñeneen ñi

Yaw ak ñu bari yeena bokk fi ngeen di dundu. Dana am solo nga teey tey bàyyi xel li la wuutale ak ñi ci des. Bul di wax lu bari ba ñi ci des duñu xam luñuy def. Deel noopi ci guddi gi nit ñi mana nelaw. Deel moytu ñiy indi ay jafe-jafe walla ñuy xeex.

## GINDIG FAJ AK XIBAARI WÉR GU YARAM

Ñiy saytu faj mi ci barab bi danañu la warlul ag faju boo amee jafe-jafey wér gu yaram. Ludul ci tolluwaay yu néew, ñiy saytu duñu la jox ay jumptukaay yu bakkane walla ay jumptukaay yu mel ni ay dàll, ay mbalaan, ay jegenaay ay yere walla ay dewoduraa. Ñiy saytu faj mi itam manu ñulaa tontu ci laaj yu jëm ci wàllu waxtu wiñu lay deglu walla sa tolluwaay ci yoon. Laajal yooyu ndaw li yor wàllu woowu.



## GIS-GIS BU YAATU CI YIÑ LAY JÀPPANDALAL

Am nga sañ-sañu jot ci loodul fay dara bèpp jàppandal bu jëm ci wer gu yaram yi manuta ñàkk jamono biñu la jàppee. Man ngaa laaj ñu faj la waxtu wune, bokk na ci boo feebaree walla nga gaañu, walla feebar bu yàgg ci sa yaram, walla nga soxla ñu taxawula walla ngay jël walla nga war di jël ay garab ngir mana wér.

### Feebar yu yàgg ak nàngu

Jamono ju néew vi nga yegsee ci barab bi, danañu laaj lu jëm ci sa wàllu wér gu yaram, danañu defal rajo walla ñu xool la baxam amoo feebaru tuberkuloos. Lu am solo ngir sa wér gu yaram ak ñi ci des.

### Natt sa wér gu yaram

Ci 14i fan yi nga njékka am ci barab bi, danga jot ab saytu bu yaatu ci sa wér gu yaram. Danañu yook jumptukaayu faj mi ngir mana tontu ci jafe-jafey gòor ñi, jigéen ñi ak ñi tollu ci yenn at yi.

### jumptukaayu fajum jigéen ni

Jigéen ñi danañu di jot ay faj yu jëm ci wàllum jigéen yu mengóo ak seeni at. Man ngaa laaj seetukaayu ëmb, nattug ween yi, testi awra, ag seet ci feebaru neggu séy yi, ag seet ween, ay laabire yu jëm baña am doom, akug seet ci wàll woowu bu ko faj mi nangoo. Buñu xamlee sag ëmb walla wësin ci lu yàggul, danañu la jàppandalal fajum ku am doom.

### Wooteg Feebar

Boo feebaree, man ngaa laaj ñu xool la ci barabu fajukaay bi. Ngir am jàppadal yooyu, benn nga bind ci këyitu feebar gi walla ñiy saytu seetsi la ci dëkkuwaay yi walla feneen. Budee xamoo nu woote yi di doxee ci bu feebar amee, laajal kon ci ñiy liggéey ci barab bi.

Doctor buy faj bēñ walla kuy liggéey ci wallu wér gu yaram dina la defal ag saytu gu njékk ci 14i fan yi njékk booy sooga ñew. Budee sa bēñ day metti walla mu newwi, jéfëndikool wooteq feebar gi ngir am ndimbal. Toppatoo yuñu miina def lu mel ni raxasal la say bēñ dana jàppandi ginnaaw buñu la teye lu èpp 6i weer.

Budee àttanoo mbir yi, walla ngay gaañ sa bopp walla boo jàppee ne man ngaa gaañ keneen, yégalal saytukat yi walla kenn ci fajkat yi. Ci saasi danañu la seet.



## YENEEN JÀPPANDAL

Bu ko faj mi laajee, yeneen serwiis man naa am ay garab, ay caytu, walla yeneen seet, ay rajo, am njàng ak laabiire ak ay dig-daje yu jeege ngir ay jafe-jafey wér gu yaram yu mag.

### Boole ak layi faj

Boo amee ab laaj walla lu la yitteel ci xeetu faj yi ngay jot, diisoo ci ak ñiy saytu faj mi. Bul fàtte ne yenn xeetu faj yi ak serwiis yi jàppandiwal. Bu la loolu doyl man nga mottali këyitu làyyi wi. Boo gisul këyit gi ca fajukaay ba, laaj ko ñi yor wàllum kaaràngeg faj mi.

## DIG-DAJEG WÉR GU YARAM

Serwiis yi jëm ci wér gu yaram jàppandi na ci nekk ci barab yépp ci lu kenn dul fay..

### Amna ñaari melo yuñu mana amee dig-dajeg wér gu yaram gu jàmpul:

1.) 1.) Xayna da ngaa wara mottali ab këyit ngir bindu ngir wooteq ku feebar. Tegal leetar bi ci defukaay bi nekk fi nga dëkk.

Danañu jël leetar yooyu bis bu set, saytu ko namu waree ngir xam kan lañu wara njékka xool. Lu ci èpp, man ngaa giis ñiy saytu wér gu yaram gi ci beneen bis bi ci topp. Boo bindoo samedi ak dimaas ta sa feebar jampul, ci altine bi ci topp lañu lay xool. Boo bindoo ci ludul waxtu yi ñuy ubbi te manoo xaar bis buñuy ubbi te nga ame feebar bu jamp, yégal ko aji saytu ji nga dëkkal. Danañu woo ñi aaye faj.

2.) Li ngay mottale këyitu woote gi ngir ñi feebar, yeneen barab yi man nañu laa wax nga dem ci ab diggante ci barab bi ci aw waxtu bis bu set ngir mana gis ñiy saytu ci wér gu yaram ngir jël ab dig-daje. Ñiy saytu sa wér gu yaram danañu la xool, saytu la ngir ndax danañu la mana seet ci bis boobu walla beneen bis.

Barab bi dana la wax nan ngay doxalee ngir mana am jàppandal ci faj mi

**Boo ammee ay jafe-jafe wér gu yaram, danañu la mana faj ci saasi.**

Yégalal ki la jiite fa nga dëkk, kuy liggéey ci barab bi walla kèpp ku la mana dimbali. Boo soxlaa dimbal ngir diisoo ak ñi yor wàllu wér gu yaram, wutal ab tekkikat walla ku la mana dimbali ba nga mana xam liñu lay wax.

## ÑAAREELU NDIGAL

Man ngaa laaj ñaareelu ndigalu walla xalaatu ci ki nekk ci wallu wér gu yaram waaye yaa ko wara fay. Yaw walla sa layookat walla kiy teewal yoon da ngena wara bind leetar ki jiite mbir mi. Barab bi dana bayyi xel mbirum kaaràngé gi buy jël ndogal may la ndigal walla dèet ci nga jot sa ñaareelu ndigal. Barab bi man naa am yeneeni xibaar ci nuñu la fajee, ci woote walla diisoo ci mbir yu jàmp jëm ci fajum barab bi.

## AY GARAB

Bul di bokk ay garab ak ñeneen ñi. Xèt sàrt yooyu man naa waral ay daan. Yégalal numu gëna gaawe ñiy saytu sa wér gu yaram budee say garab day indi ay feebar yu mel ni feebaru der walla xasan , jafe-jafey noyyi walla biir buy daw. Dencal say garab foo tollu ngir baña leena ñàkk.

---

## FAJUM XEL AK WÀLLUM XARU

### Jafe-jafey yëg-yëg

Yoon la nga am ay yëg-yëg yu mel ni njàqare, jaxasoo, naqari dereet, mer walla raga fi nga nekk. Yoon la itam nga am jafe-jafey nelaw. Bàyyil xel ne doo fi nekk rekk ba fàwwu. Jèemala am ay pexe yooy def, dalal ngir mana amug wér. Deel jang , waxal ak nit ñi, deel fo, di tàggatu, deel bokk ci xewxewu diine yi walla ngay tàggatu cig dal. Ab doktoor man na laa jox ay xalaat ci nooy dalalle ca xel.

Boo amee jafe-jafe xel, lu mel ni ndof, walla nga bégga xaru, danañu la faj ci xel mu dal, boole la ak doktoor bulay toppatoo. **Yëgalal ki nga dëkkal budee da ngaa jaxasoo, boo jàppee ne man ngaa gaañ ca bopp, budee amna ku bégga gaañ boppam, walla nga bégga waxtaan ak kenn.** Man ngaa itam diisoo ak waa ICE jaare ko ci DRIL ci 1-888-351- 4024 walla 9116#. Danañu la booleeg ku xarañ ci wàll woowu.

## AY KAYTI YU JÈM CI FAJ

Am nga sañ-sañu laaj ñu jox la dupetu sa këyitu faj. Xoolal teereb barab bi ngir mana xam nooy jotee ab dupet ci sa këyitu faj ci jamono biñu la teye.

Boo waree xamal say këyitu faj keneen, leetar bu bawoo ci barab bi ci sa ndigal dana tax barab bi mana siiwal ay xibaar ci sa wér gu yaram ci beneen nit walla mbootaay, ci kaw sa leetar bi am xibaar yii:

- Aderesu barab biy siiwal sa dosiyee
- Turu nit ki walla mbootaay gi wara jot xibaar yooyu
- Sa tur ak sa sant, sa numéro A (walla numéro buñ la mana xàmme), at mi nga juddu ak réew mi nga dëkk,
- Xibaar yuñuy siiwal ak jamono jiñu koy lijjanti,
- Sa xaatim ak bés bi

Ginnaaw biñu siiwalee xibaaru wér gu yaram yi, ndigal li dañu koy bind ci dosiyee bi. Ngir mana am ab fotokopi dosiyee bi ginnaaw billa waa ICE bàyye, da ngaa wara bind leetar waa (FOIA) ci ICE. Ay yoon ngir bind leetar FOIA dig-daje ci [www.ice.gov/foia](http://www.ice.gov/foia) walla nga woo waa ICE FOIA ci 1-886-633-1182.

Boo nekke ci barab boo xam ne amna waa ICE (ñiy saytu wér gu yaram) man ngaa jot ci say dosiyee jaare ko ci internet. Laajal ñiy saytu wér gu yaram numuy deme.

## NDIGAL BIY JÈM CI DAJALE SAY DOSIYEE FAJ

### Ban njiitu ICE moo wara dajale xibaar yooyu?

ICE amna ndigalu dajale ay xibaar ci wàllum faj ci USC 8 U.S.C. § 1222 ak 1232; ak 42 U.S.C. § 249. Xibaar yi jëm say dosiyee, ci werum xel, ak beñ ñi ko denc ca ICE ci ñiy saytu kaaràngeg biir gi di waa ICE-013 ( 5i fan ci weeru saawiyee 2015 ) mu mengóo ak luwaa biy saytu dundug nit ki ci atum 1974, ñu soppi ko ( 5 USC 552a ).

### Lutax ñu dajale xibaar yooyu?

ICE dana aar te sàmm sa wér gu yaram. Ngir ñu man laa faj namu waree, ñiy saytu wér gu yaram te bokk ci ICE danañu dajale ay xibaar ci yaw ak sa wàllu wér gu yaram, bokk na ci sa jafe-jafey wér gu yaram, garab yi ngay jël ak yi ngay faral di soxla ci sa wàllu wér gu yaram. Manees naa dajale xibaar yooyu ci melo yu bari, rawatina ci ay këyitu laaj yooy mottali walla ay waxtaan yooy amal ak fajkat yi.

### Nunuy jëfëndikoo xibaar yooyu ak kan lañu ciy waxal ?

ICE dana jëfëndikoo xibaar yooyu ngir gën laa man faj bi nga nekke ci loxoy ICE , ngir man laa toppatool itam lépp loo soxla ci faj mi. Xibaari wér gu yaram yi man nañu koo jëfëndikoo walla ñu siiwal ko niñu ko yoonale ci waa DHS/ICE ( 5i fan ci weeru saawiyee 2015 ). Misaal boo soxla faj moo xam ne waa ICE manuñula cee taxawu , ICE man na laa yónnee beneen fajkat ci biti muy seddoo ay xibaar yu am solo yu jëm ci yaw ngir ku lay faj man laa taxawu bubaax. Beneen misaal man naa am budee dañu laa yòbbu ci beneen barab, walla nga nekk loxoy yeneen mbootaayu nguur gi walla ñeneen walla ñu yòbbu la ci beneen réew, man nañoo diisoo ay xibaar ak ñooñu, walla réew ma ngir mana toppatoo sa wàllum faj.

Say xibaar man nañu koo sèddoo ak yeneen kurèel yuy saaytu wàllum feebar, ak barabu liggéeyukaay yoo xamne ñooy wéral ICE. Sam sa faj dafa am njëg ci dundu amerikee yi. Barab bi yor wàllum koppar yi dañuy soxla say xibaari feebar ngir man koo fay ak fay ñila faj. Naka noonu say xibaari feebar manees na koo sèddoo ak njëwriñ gi yor wàllu yoon ak attekaay yi ci mbiri tukki, nit ñi ak yoon. Ngir mana am yeneen xibaar ci loolu walla ay xibaar yu jëm ci faj, waxtaanal ak waa DHS/ICE (5i fan ci weeru saawiyee atum 2015).

### Ndax fàwwu ma joxe xibaar yooyu ?

Joxe xibaar yi ci yaw la aju. Waaye budee bëggoo joxe xibaar yiñu lay laaj, loolu man naa am jeexit ci wàllu wér gu yaram ndax waa ICE man naño baña am xibaar yiñu soxla ngir man laa faj namu waree.

**TAXAW SEETLU :** Ndigalu nëbb gi ñi ko téral ci luwaa bu 1974 ñu soppo ko (5 U.S.C. § 552a) danañu ko jëfëndikoo ci xibaar yiñuy dajale ci yaw bàyyi koo ci ñiy saytu ci waa ICE ci say dosiyee. Boo jotee ay faj yoo xam ne bàyyikoowul ci ICE walla ci barabu ICE, luwaa nëbb gi bu 1974 man nañu koo baña jëfëndikoo te boobaa say xibaari faj man nañu koo jaarale ci sàrti nëbb ci wàll wér gu yaram.

## ÈPPAL AK SIIF CI MBIRI SÈY

Jamono bi la waa ICE jàppee, am nga sañ-sañu nekk ci kaaràngé ak mucc ci siif yi jëm ci wàllu sèy. ICE ak barab bi danañu doxal politig bu amul baale ci wàllu siif ak sàkku ci sèy ci kèpp koo xamne waa ICE ñoo ko teye. ICE dana fexe ba barab yépp am porogaraam buy tere wàllu siif ak sàkku ci sèy ( SAAPI ) boo xam ne dana am ay téréliin yuy mana boole ak di lùññtu lépp lu jëm ci mbiri siif ak sàkku, fexe itam ba bula loolu dale ñu faj la.



## JAMM CI DEKUUWAY KUÑU JAPP

Jamono ji ñu la teye, kenn amul sañ-sañu di la xiir ci wàllum sèy walla mbiri sèy yoo bëggul. Fu say mana tollu, sa taxawaay, ak sa xeet ak foo bokk, sa wàllu séy walla li nga doon, am nga sañ-sañ ñu aar la ci siif yi jëm ci mbiri sèy yoo bëggul. Boo yégee ne nekkoo ci kaaràngé ci barab bi ngir ay xoqatal aki siif ci mbiri sèy walla budee dañu laa siif walla ñu sàkku la, da ngaa wara ñaan ndimbal. Danañu la aar ci saasi ci ki lay siif ba noppi toppatoo sa wér gu yaram. Danañu la jàppandalal ay serwiis yu jëm ci faju. Danañu la ñaax itam nga def ab seet budee da ngaa jàpp ne dañula siif. Xoolal "Yëgle lépp lu jëm ci mbiri siif walla sàkku ci sèy" ci téere bi ngir géna am ay xibaar.

## XAMLE

### Èppal ak siif ci diggante ñiñu jàpp

Bèpp xeetu siif walla sàkku ci sa moroom dees koy aaye te du yoon. Bula kenn ci ñi nga nekkal bëggee siif walla mu forse la ci sèy ak yaw, walla muy laal say awra, walla mu bëgg nga laal ay awraam, walla muy napp ak di xuppu ngir mana jonjoo ak yaw, walla nanguwoo, walla amoo jotug nangu walla bañ, loolu siif la.

## Ēppal ak siifu sèy ci ñiñu jàpp

Bèpp siif walla sàkku bu bàyyikoo ci ñiy saytu jëm ci ñiñu jàpp (ba ci saytukat yi, ñiy liggéey ci faj mi ak ñiy coobarewu) dañu koy aaye te du yoon. Bu kenn ci ñiy saytu jaxasoo ak yaw, walla laal la laalu ku bégga sèy, walla mulay wax waxi sèy, walla mulay wan ay awraam, di la xiir ci nga laal ay awraam, walla napp aka xuppu ngir séy ak yaw, walla mulay def lu jaarul yoon (di la xool booy sangu walla booy summeeku) siif la. Ñiy saytu buñu defee loolu itam ñi ngi siif.

### Misaal ci mbiri siif

- Kenn ci ñiy saytu walla sa moroom di wax ak yaw di laalaale say taat,
- Kenn ci ñiy saytu walla sa moroom duggu ci biir jàpp sa ween yi
- Am ku lay xoqatal ci booy nelaw,
- Am ku lay xiirtal ngir nga sèy ak moom ngir mbir boo ko yoreel,
- Am ku lay aar ngir sèy ak yaw,
- Kenn ci ñiy saytu walla sa moroom defal la ay jàppandal ngir mana sèy ak yaw.

## JĒF YI ÑUY AAYE

Kèpp kuy saytu walla kuñu jàpp muy siif walla sàkku danañu ko teg ay daan ba noppi topp ko ci yoon. Ku jëf yu mel noonu man nañu laa jiiñ jëf yu ñu tere ci dëppale ko ag polotigu yar ( DDP ):

- Kod 101 : siif
- Kod 207 : gaaral walla xoqatal ci sèy
- Kod 404 : jëfëndikoo wax ju ñaaw
- Kod 206 : jëf mbiri sèy
- Kod 300 : xotti worms

### Jokkalantereg ñiy saytu ak ñiy coobarewu

Aaye nañu ñiy saytu, ñi leen féete suuf, ñi ci wallu serwiis ak ñiy coobarewu ñuy sèq wallu sèy ak ñiñu jàpp. Jëflantee yu jaar yoon yi aaye nañu ko. Ñiy saytu ak ñiy coobarewu ci barab bi amuñu sañ-sañu dila wax lu jëm ci sèy walla ñuy waxtaan ak yaw waxtaan yoo xam ne man na laa yóbbu ci sèy.

Bula kenn ci ñiy saytu, kuy doxal, walla kuy liggéey ci serwiis walla kuy coobarewu waxee ne man na laa dimbali nga des ci réew mi ci kaw nga nangoo sèy ak moom, walla mu yàq sag nekk ci réew mi boo deful lim bégga, day fen te da nga koo wara boole. Ñiy saytu danañu leen toppu ci yoon ngir jèema am ay jaxasoo ak ñiñu jàpp.

**LU AM SOLO!** Sèy bu ñaar dèggoo te amul siif aaye nañ ko. Donte jaxasoo bu andul ak siif day am ci diggante ñiñu jàpp, yoon tere na ko te siif walla èppal lañu koy jàppée te day xët sàrti barab bi te man nañu la cee teg ay daan.

## WATANDIKU ĒPPAL CI SÈY AK SIIF

Sàkku yi ak siif yi duñu masa nekk juumteg kimu dal ci kawam. Waaye dina gëna sammu bu yoree doxaliin bu wóor. Ñiy siif dañuy faral di tànn ñi nga xam ne dañoo néew doole walla duñu mana bañ. Bul di nangu ay kado walla ay jàppandal yu bawoo ci keneen. Lu èpp ci kado yi ki la koy jox day xaar ci yaw dara. Boo ragalee ci mbiri kaaràngé, xamleel say njàqare ci kenn ci saytukat yi.

Da ngaa wara :

- Boole ñiy saytu te bokku leen awra ñuy duggu ci duus yi walla duñu tàggoo,
- Boole bèpp saytukat bulay gunge ci barab yu sori
- Bul di nangu kadoy sa moroom walla ay jàppandalam,
- Xoolal kenn koo xam ci ñiy saytu walla ñiy liggéey ci wér gu yaram koo woolu ngir di waxtaan ak moom ci yi nga ragal ak say jafe-jafe
- Bul jëfëndikoo dorooq walla sangaraa. Loolu day nèewal doole say man-man ba doo mana ranñe mbir yi.
- Na nga doon ku jub te dëggoo. Bul ragala wax "dèet' walla" bàyyil li ngay def leegi"
- Xoolal ñi ngay àndal. Xoolal nit ñu jub ñuy def lu baax rawatina wallu jàng, ay jàppandal ci liggéey walla mbooloo muy laabiire. Bokkal ci ay yengu-yenguy buñ jàppadee ci badab bi nga nekk,
- Woolul sa boppu. Deel bàyyi xel mbir yi la dul neex. Boo yègee ne nekkoo ci kaaràngé, jogeel foofu walla nga sàkku ndimbal.



## YÈGLE BÈPP XEETU ÈPPAL AK SIIF

Boo ragalee ñu siif la walla ñu sàkku la, walla sax ñu siif la walla sàkku la, amal ko ci waxtaanal. Duñu mana toppu ñiy siifaate ludul ne dañu leena boole ngir man leena teg ay daan walla sax di leen toppu.

### Teela xamle Jafe-jafe te mu gaaw

Teela yègle mbir mi danala dimbali nga mana wax li ci aju yépp. Donte këyitu xamle gí dana am ci ay fan walla weer yiy ñëw, dana am solo indi xibaar yi gëna leer gëna mat yu mel ni :

- Ni mbir yi xewee, arminaat ak jamonoy xewxew yi.
- Lañu wax ca jomonoy siif ga walla gaañu gaañu ga,
- Bèpp ngàddaay buñu jëfëndikoo,
- Gaañu gaañu yaram aki yëg-yëg,
- Ak yeneen

**TAXAW SEETLU:** Man ngaa yègle lu jëm ci siif mbaa sàkku ci sèy jaare ko ci wax walla bind ñiy saytu barab bi, ñiy liggéey ci ICE/ERO, waa DHS walla ICE, walla ki ligueey ci consulaa. Man nga itam yègle mbir mi te sa tur du feeñ walla nga jaare ko ci keneen ( niki ab layookat, ab waajur walla ab xarit). Da nga fekk fii naka lañuy yèglee èppal walla siif ci sèy.

### Teew ca barab ba

Yègalal kèpp koo wòolu ci ñiy saytu barab bi (misaal ki jiite fi nga dëkk, njiitu diine ji, saytukat bi, ndaw li, ndawal wér gu yaram, ki jiite SAAP ak ñeneen). Téereb barab bi man naa am yeneeni xibaar ci ñi nga wara woo.

### Dugal ab ñaxtu jëmalem ko ci barab bi (bokk na ci ñaxtu bu jamp)

Ñiñu jàpp man nañoo yègle ay èppal walla ay siif ci ñu dugal ab boole. Amul fu waxtu wi di yam ngir mana dugal ab boole ci xëtu. Kayit bi am naa xibaar ci ñu dugal ab boole ci paagi 37. Ki jiite fi nga dekk walla ki lay saytu man nañulaa leeral nu mbir mi di deme.

### Dugal ab ñaan walla ab ñaxtu, mu jaar yoon am dèet ci waa ICE/ERO

Waroona am ay defukaay yuñu tēj ci barab bi ngir laaji ICE. Boo soxlaa ndimbal ngir xam fu defukaay yooyu nekk, laajal sa ndawal dekkuwaay. ICE dong moo mana jot ci bagaas yooyu. Man ngaa bind itam leetar buy yègle èppal walla siif ci waa ICE/ERO. Ngir mana nëbb say xibaar, deel jëfëndikoo ay xëti leetar yu wuute (xoolal leetar yi). Barab bu nga nekk man nañulaa jox aderesu waa ICE.

### Dem ab xamle ci barabu DHS walla ICE

Wooteel buumu jokkoo gi ak xibaar yi ñiñu teye bu ICE ci nga woote ci loodul fay ci 1-888-351- 4024 walla ci 9116#.

Wooteel buròb saytukat bu mag bi ( OIG ) bu DHS ci loodul fay ci 1-800-323-8603 walla ci 518# walla nga bind leetar waa :

DHS Office of Inspector General/Mail Stop 0305  
Attn: Office of Investigations Hotline  
245 Murray Lane, SW  
Washington, D.C. 20528-0305

### Yèglul ci mdaw li la teewal

Wooteel walla nga bind ci ki la teewal. Barab bi man na laa jox aderesu ñi la teewal.

### Yégal keneen

Waxal keneen (sa mbokk, sa xarit, sa abokat, ak yeneen) te laaj ko ñu wax ak ICE walla DHS ci sa tur.

### Xamle yu amul tur

Jarul ngay joxe saw tur ngir yègle ab èppal walla ab siif ci sèy, waaye loo gëna joxe ay xibaar, mu gëna yombal lùññtu gi ci li xew. Ñiy saytu amuñu sañ-sañu siiwal xibaar yi, war nañu cee waxtaan ak ñimu soxal buñu ko soxlaa.

### Nëbb gi

Boo yèglee ab siif walla ab èppal ci sèy, danañu sàmm sa jëmm ak ni nga ko yèglee, ci diisoo ci ak ñimu yitteel buñu ko soxlaa ngir jël ay dogal ci sa nekkiin , ngir itam yoon mana def liggéeyam. Ñi nga xam ne danañu soxlaa nànd te duñu am yamukaay:

- Ñiy saytu tey jël ay dogal ci say dosiyee

- Ñi yor kaarànge gi
- Ñiy lùññtu ci barab bi
- Ñiy saytu wàllum siif (SANE) ak Ñiy saytu wàllum siif buu baakh.
- Ñiy xamle xibaari ñiñu siif

Boo gisee ne ñiy saytu barab bi feeñal nañu liñu doon nēbb, man nga koo yēgle niki ngay yēglee kuñu siif walla kuñu sàkku.

### Sàmm ci ñiy fayyu

Loolu day wane ne manuñu laa teg ay daan, walla ñu soppo sa dēkkuwaay, walla ñu dindi la ci porogaraamu barab bi walla yeneen mbir yu ñaaw ci wàllum yēgle.

Kenn manuta fayyu ci yaw boo yēglee ab ēppal walla ag siif, boo bokkee ci ab lùññtu ci siif walla sàkku, walla nga forse la ci mbiri sèy, walla ay xuppu walla ag ragal.

### Yēgle ag ēpp walla siif du yàq dara ci sa wàllum tukki.

Amna ay yēg-yēgi xel ak jēmm yuy bawoo ci ag siif walla ēppal ci sèy waaye yēgle ñaawteef woowu jèego bu am solo la ngir mana jekkuwaat mbir yi ak teg ko ci yoon. Bu ay fayyu dalee ci sa kaw ngir loo boole ag siif walla ēppal ci sèy, walla ñu gan la ci mbiri sèy, man nga koo yēgle ni ngay yēglee ag siif walla ag sàkku.

## FAJ, LAABIIRE AK TAXAWU ÑI LORU

### Barab bi dana la dimbali ci nga mana faju, xelal la ak taxawula itam

Danañu la sàmm ci ki la siif ba noppi seet la , saytu la te doo fay dara. Jarul ngay tuddu turu ñi la siif moo xam ndawal barab bi la walla ñiy saytu ngir am ndimbal, waaye yeneen xibaar yu am solo dana dimbali ñiy saytu ñu man laa dimbali. Da nga wèy ñu lay sàmm ci ki la siif moo xam nga wax turam am dèet walla nga nangoo seede ci moom.

Dencal lépp lu mana am ADN ki la siif. Boo nekkee kuñu siif ci sèy, war ngaa def loo man ngir mana denc lépp ADN lu taq ci ki la siif. Batay bul raxas say beñ, bul tux, bul lekk bul naan. Boo soppee say yere, dana am solo nga baña sol say yéere ak say njiitlaay yi nga soloon biñu lay siif te nga yóbbu leen ci doktor biy seet.

Waroo sangu walla tooylu , jēfēndikoo duus yi, soppo say yere, peñewu , fompu barab bi bu mbir mi xewe, walla di tuxal lépp loo xam ne ki la siif laal na ko.

### Faju

Ginnaaw ab ēppal ci sèy walla siif amna solo nga dem doktor xool la, moo xam nak noo mana bokke cig lùññtu. Ngir sa wér gu yaram ak sag sàmmu, dana am solo ñu seet la , xool la ngir mana xool ay gaañu-gaañu donte benn leeru ci. Am nga sañ-sañu nangu walla bañ lépp walla lenn ci seetug fajkat yi. Bokk na ci loolu ñu xool la ndax amoo VIH ak yeneen xeeti feebaru séy yuy wàlle (IST), naka noonu nga mana fagaru, niki ay garab ngir mana watandiku feebaru séy yi, ci èmb (budee amna) ak ngir sàmmu ci wallub feebaru VIH. Man naño wéy itam di la faj bu manuta ñàkk. Am nga sañ-sañ ñu gunge la kenn ci ñiy sàmm aq yooyu ci lépp luy wàllum faj akug taxawu. Xoolal déggante bii ci suuf "wérug xel ak serwiis ci ñi loru" ngir yeneeni xibaar.

### Saytug yoon ci jamonoy siif

Ginnaaw buñu leen fajee, ñenn ci ñi loru danañu leen ñaax ñu def ag seet budee dañu leena siif. Seet googu daa am solo ndax dencug lay yi man naa am solo ngir mana topp ci yoon aji-siif ji. Am nga sañ-sañu nangu walla nga bañ lépp walla lenn ci seet gi..

Batay dana am solo nga xam ni lay yu am solo man nañu leen a bàyyi xel budee dajalewuñu leen walla ñu saytuleen. Dana am solo batay booy dem ñu lay seet nga yóbbaaale yere yi, ak

njiitlaay yi nga soloon bi siif gi di am. Budee ñiy saytu ci barab bi amna ñuy xibaar, yēgalal kiy saytu.

### Seet gi ngir siif ci sèy

Dinañu def ab seet ngir siif ci sèy ci ab opitaal walla ci barab bi ci ndawal SANE, SAFE walla kuy liggéey ci wér gu yaram. Ñiy liggéeye SANE ak SAFE dañu leena loofoon ngir ñuy saytu ak di taxawu nit ñi nga xam ne dañu leen siif. Saytu gi yombul te dana am 3 ba 4i waxti.

Ngir tàmbale, doktoor bi dana leeral feebar yi nga masoona am ci gínnaaw. Bu noppee defal la ag seet ci sa yaram wèpp (ak ci biir). Dana ci bokk ñu jël sa dereet, sam saw, sa kawar ak yeneen ci sa yaram, ak fotoy gaañu gaañu yi ak say yere. Bu noppee doktoor biy seet dana wax ci feebar yi nga xam ne mooy joxe jàngoroy sèy te ñi loru ame ko ci biñu leen siifee, budee jigéen ñi loru danañu xool ndax amewuñu ëmb. Barab bi dana la taxawu ba nga xam ne faj mi, toppatoo gi, laabire gi ak jàppandal yi jaar na yoon.

### Wér gu yaramu xel ak serwiis ci ñi loru

Am nga sañ-sañ nu taxawula ci xel ak di wéy di la faj, dila la laabiire ak di la faral di saytu leeg-leeg. Boo béggee ñiy saytu taxawula wutal la ku lay aar ci loru gi. Ñuy taxawu àqi ñi loru ak ay serwiis bu jafe-jafe amee jàppandi na ngir man laa dimbali ak taxawula ci lu yàgg. Lii man naa am ag lùññtu , ag seet budee siif daa am, ay yèg-yèg yuñu baaxowul ci xel ak ci jëmmin gínnaaw bu siif amee ak yeneen ba ci sag teewaay buñu lay seet walla ay waxtaan ci lùññtu gi. Ab doktoor dana la taxawu itam nga mana xam say lay yu gën, xam ñi la mana dimbali, saafara say jafe-jafe, di waxtaan ak waa barab bi ci lépp loo xam ne da nga ko soxla (wàllu xel, faj ak yoon) ngir ag dimbal ak ay xibaar, dimbali la ci lépp lu jëm ci wàllu tukki, taxawula itam budee waa ICE bàyyi nañula.

## NÀND LOREKAT BI AK DOXALIINU YOON

Boo yèglee ab xewxew ci èppal walla ag siif ci sèy, barab bi walla mbootaay gi yor wàll woowu danañu ubbi ag lùññtu. Yègle ab èppal walla ab siif taxawaay bu am solo la. Loolu man na laa dimbali ci dajale ay lay (niki ñu wanee ko ci kaw) ba noppi jot ci. Boo yèglee xew-xew bi, man ngaa tàmbale taxaw ak mana teye sag dundu. War nañu laa boole ak kulay gunge ci ñiy taxawu ñi loru saa suñu lay laaj. Donte manuñoo soppo li xew, man ngaa laaj yoon te fexe ba kiy lore bañaa dafati ag siif walla ag sàkku. Yègle gi nga yègle ki siif aka sàkku du am benn jeexit si say mbiri tukki.

### Jubluwaayu lùññtu gi

Jubluwaayu tèreliin wi ak lùññtu gi mooy mana xam tolluwaayu xew-xew bi ci siif gi. Ki yor wàllu doxal ak jèfe yoon walla lùññtukatu barab bi dana def ab xamle buñu bind daa di koy jagleel ab numéro buñu koy toppe.

### Waxtaan wi walla waxtaan yi

Waxtaan wi walla waxtaan yi man naa am waxtu yu bari, day aju ci tédidiinu mbir yi rekk. Yenn laaj yi man naa ndiru lu leerul te boobaa lùññtukat bi man na laa laajaat laaj yu bari. Laaj yu xóot yi firiwul ne lùññtukat bi gëmuli li ngay wax, seen liggéey lañu am xamle yu leer ci li xew. Boo béggee, man ngaa ñaan ñi loru teewe waxtaan wi

### Yègle xewxew/tànn boole

Man ngaa tànn baña boole ci saa si gínnaaw rapooru barab bi ci waa kaaràngé gi. Bu amul benn jafe-jafe ci yègle xew-xew bi, donte gínnaaw ay weer la, yègal ko barab bi te tàmbali ag lùññtu ci numu gëna gaawe ngir mana indi lay yu leer ci li xew. Te it loolu dana dimbali barab bi ci mu sàmm ñeneen ñi nga xam ne lu ni mel man naleena dal. Budee dañoo depoose ay jiiñ ci lore, danañu ko toppu. Nekkul ne mbir yépp lees di nangu ak di toppu ci kaw mu tege ci lay yu dègër te wóor.

Batay, amna yoo xam ne bu amee porokirèer bi dana amal ay lùññtu wèer ko ci lay yi mu am. Misaal, mbir yi nga xam ne day am wàllum èppal ak siif ci sèy porokirèer man na koo toppu ak donte dangay tànn bokk ci lùññtu gi. Buñu àttee mbir mi, danañu la wax nga seede. Dana am solo nga waxtaan ak porokirèer bi ci say mbir (walla sa layookat) walla ci kuy aar ñi loru.

### Njeextalu lùññtu gi

Bu ab lùññtu jexee, dañukoy kalaase niki wér na walla wérut. Da nga jot ab leetar ci waa ICE yu àndak njurrefu lùññtu gi ak dogal yiñu ci jël.

- Faramfacal day diri ne jéf yi ak lay yi firndeel nañu li xew,
- Wérul day wane ne jéf yi ak lay yi doyul ngir mana wéral li xew
- Wérul day wane ne lay yi ak jéf yi dèggal na li xew.

---

## Nànd say jëfiin

Loru man naa degal jeexit ci sa mbirum kaarànge ak wòolu. Man ngaa yëg ak metiit, ag mer, ag jaaxle te jaadu na nga amug jaaxle, jaxasoo, mer akug tiit, ndof ak ragal ci lu mat ay weer walla sax ay at yu bari ginnaaw loru gi. Jaadu na itam ngay am yooy yëg ci sa yaram, ci say soppiku ba ci say tàmmínu lekk ak nelaw aki gènt. Lool man naa tax nga bëgg di beru. Jaadu na itam nga néew doole ba noppi jaxaasoo. Ag lu mana am ci say yëg-yëg ak say ragal, amna solo nga xam ne du ci yaw te loolu lu jaadu la.

## Ndimbal amna

Barab bi ak waa ICE danañu la taxawu nga am ndimbal ba noppi danañu la gaaral ay jàppandal ngir say soxla. Taxawu ci xel itam jàppandi na ci ñi yor wér gu yaram ci barab bi ak ñi jiite diine ji.

Batay, boo laajee, ñiy saytu barab bi danañu la wutal ku lay jokkale ak mboolaay gi ak ku lay aar (xoolal "wér gu yaramu xel ak serwiisu ñi loru" ngir yeneen xibaar).

Ëppal yi ag siif yi ci sèy man naa dal kune. Ëppal yi ak siif yi ci sèy du mbiri awra dong, mbirum kàttan la moom sa boppu. Duñu caaxaane benn rapoor. Sa kaarànge ak ñi ci des mooy li ëpp solo. Ngir ñépp am kaarànge, ñi ngi lay ñaax nga yëgle bèpp xew-xew, xuppu walla siif.

---

## NJAAYUM NIT

Yaw walla kenn koo xam man ngeena loru ci njaayum nit budee dañu laa forse walla ñu lay jaayloo sa boppu walla ñu nangu sa paaspoor walla sa këyitu juddu walla ñu xuppu la ci nga ñàkk sa liggéey walla ñu ne la doo mana bàyyi sa liggéey fiyeek fayoo say bor ci kaw nga liggéeyal leen. Liggéey bi man naa jaar yoon walla mu ñàkka jaar yoon, niki ñiy liggéey ci isin yi, tabax, mbay, njaayum lekk, otel yi, barab yi ñuy maasee, liggéeyu kër, wàllum sàmm ak cagatu. Donte dangaa jaar ci yoon bi ngay duggu ci réew mi, man ngaa baña muccu ci njaayum nit ñi.

Boo jàppee ne dangaa loru ci njaayum nit, boo xamee ku ci mana loru walla nga xam ci koo xam ne day forse nit ñi ngir ñu liggéey walla ñu jaay seen boppu, nguurg amerig bëgg na laa dimbali ci di aar ñi loru ci njaayum nit te jàpp ñi koy def.

## Boole ñiy Jaay Nit

Man ngaa yëgle ay xibaar ci mbiri njaayum nit, ba ci ay xibaar ci njaayum nit ñi moo xam ci biir walla ci biti barab bi.

Da nga fekk ci suuf nuñuy defaree rapoor :

### Mu jëm ci ICE ERO

Waxtaanal ak ndawal ICE walla nga yónnee leetar waa ICE. Man ngaa bind sa leetar ci aw këyit gu amul dara walla nga laaj ki lay saytu fi nga dëkk ag këyitu mottali ci kuñu teye.

### Ñiy saytu barabu fajukaay bi

Waxtaanal ak ñi yor wàllum faj mi ci barab bi.

### Barabu ICE

Woowal waa DRIL ñi yor wàllum jokkoo gi ci liiñ ak xibaar yi ci loodul fay ci 1-885-351-4024 walla ci 9116# walla ci 711 ci àpaare ATS.

### Ci buumu jokkoo gi ci lùññutug kaaràngeg biir gi

1-886-DHS-2-ICE ( 1-886-347-2423 ) walla 711 ci àpaare ATS.

### Ci buumu jokkoog réew mi ci njaayum nit

Wooteq taxawu mi ci réew mi ci njaayum nit ñi koy saytu ag mbootaay la ku bokkul ci nguurg gi waaye nguurg gi moo koy kopparal : 1-888-373-7888 walla ci 711 ci àpaare ATS.

---

## LAAJ, ÑAAN AK ÑAXTU

Wet gii day leeral ci téere bi nan ngay def boo amee ab laaj, looy ñaan walla jafe-jafe, nuñuy depoosee ñaxtu, ak luy xew booy depoose ñaxtu.

## AY LAAJ, AY ÑAAN AKI BOOLE

Boo amee ab laaj, ab ñaan, lu la jaaxal, ab boole walla nga bëgg ay leeral ci sàrti barab bi, man nga koo laaj ci kenn ci ñiy saytu barab bi, waxtaan ak ndawal ICE walla yónnee ab leetar waa barab walla waa ICE.

## Nan lañuy bindee leetaru ñaan?

Man ngaa bind li ngay ñaan ci këyit gu amul dara walla nga ki lay saytu mu jox la këyitu mottali. Xoolal ci suuf ngir xam nooy depoosee ñaxtu.

## Lan mooy këyitu laaj ci kuñu jàpp?

Aw këyit la woo wara mottali ngir depoose ab ñaan walla ab boole ci barab bi walla ci waa ICE. Boo soxlaa dimbal ngir mottali keyit, man ngaa laaj kenn ci sa moroom yi walla ki lay saytu walla keneen kuy liggéey ci barab bi.

**LU AM SOLO!** Këyitu mottali gi ci ñiñu jàpp ñaan la gu yoonuwul. Bokkul ak ñaxtu. Boo bëggee depoose ag boole, man ngaa depoose ag ñaxtu.

## Ndax sama ñaan gi day nëbbu ?

Waaw, man ngaa def li ngay laaj ci defukaayu leetar bala nga koy tëj. Ñiy saytu, waxuñu sa moroom yi, danañu ko yóbbu numu gêna gaawe. Saytukat bi du jang te du soppi laaj bi.

## Kan mooy jang sama ñaan gi?

Yaaw xool foo bëgg ñu jëmame sa ñaan gi. Bindal tur wi, tiitar bi ak burò bi nga bëgg ñu jox leen ko ci defukaayu leetar bi.

## Naka laay yónnee samab laaj?

